**O`ZBEKİSTAN RESPUBLİKASI XALIQ BİLİMLENDİRİW MİNİSTİRLİGİ**

**A`JINIYAZ ATINDAG`I NO`KIS MA`MLEKETLIK PEDAGOGIKALIQ INSTITUTI**

**Tabiyiy pa`nler fakul`teti**

**«Geografiya oqıtıw metodikası» kafedrası**

**«Geografiya oqıtıw metodikası» bakalavr ta`lim bag`darı**
**4-kurs talabası**

**Japaqova Dilara Joldasbaevna**

**«Qaraqalpaqstan Respublikası Qarao`zek rayonının` sotsial-demografiyalıq rawajlanıw o`zgeshelikleri»**
**temadag`ı bakalavr**

# PİTKERİW QA`NİYGELİK JUMISI

**İlimiy basshı:** **g.i.d. prof. E.K.Umarov**

**Kafedra baslıg`ı:** **w.w.a. J. Abdiramanov**

**No`kis-2016 jıl**

Mazmuni

**Kirisiw**. . . . . . . . .. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .. . .. 3

**I-BAP. QARAO`ZEK RAYONININ` GEOGRAFİYALIQ JAYLASQAN ORNI, TA`BİYİY-ShARAYATI HA`M TA`BİYİY RESURSLARINA GEOGRAFİYALIQ SIPATLAMA**

1.1. Rayoninin` geografiyaliq jaylasqan orni ha`m onin` xojaliq tarawlarinin` qa`nigelesiwine ta`siri . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .. . . . . . . . . .. . 6

1.2 Qarao`zek rayoninin` tabiyiy sharayatlari ha`m tabiyiy resurslarina sipatlama. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .10

**II-BAP. QARAO`ZEK RAYONININ` XALQI HA`M MİYNET RESURSLARI**

2.1. Qarao`zek rayoni xalqinin` jaylasiwi, qurami ha`m rawajlaniw dinamikasi.. 22

2.2. Qarao`zek rayoni xalqinin` quraminda miynet resurslarinin` qa`liplesiwi. . 27

**III-BAP. QARAO`ZEK RAYONI XALQINA XIZMET KO`RSETİW TARAWLARIN RAWAJLANDIRIW MA`SELELERİ…………………..…32**

3.1. Xaliqqa meditsinaliq xizmet ko`rsetiwdi rawajlandiriw. . . . . . . . . . . . . . . . . 34

3.2. Xaliqqa bilimlendiriw xizmetlerin ko`rsetiwdi rawajlandiriw. . . . . . . . . . . . 38

3.3.Xaliqqa sawda ha`m awxatlaniw xizmetlerin ko`rsetiwdi rawajlandiriw. . . . .40

3.4. Xaliqqa ma`deniy, ko`rkem o`ner xizmet ko`rsetiwdi rawajlandiriw. . . . . . . 42

3.5.Xaliqqa turaq jay ha`m kommunal xizmetlerin ko`rsetiwdi rawajlandiriw. . . .45

3.6. Xaliqqa transport ha`m baylanis xizmetlerin ko`rsetiwdi rawajlandiriw. . . . .49

**Juwmaqlaw**. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .. . 52

**Paydalang`an a`debiyatlar**. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .55

# Kirisiw

**Temanin` aktuallig`i** Bu`gingi ku`nde ma`mleketimizde sotsialliq tarawlardi rawajlandiriwdin` basli bag`darlardin` biri bul 2012 jildi «Bekkem shan`araq» jili dep belgileniwi usi shan`araqti quraytug`in xa`r bir insannin` den sawlig`in bekkemlewge, turmis abadanlig`in asiriwg`a ha`m olardin` materialliq, ma`deniy za`ru`rliklerin qanaatlandiratug`in xaliqqa xizmet ko`rsetiw tarawlarin rawajlandiriwg`a ken` itibar qaratilmaqta.

Prezidentimiz Islam Karimovtin` 2012-jilda O`zbekistanda sotsialliq-ekonomikaliq rawajlandiriwdin` en` a`hmiyetli bag`darlarina bag`ishlang`an Ministrlar Kabinetindegi bayanatinda «Elimizde xizmet ko`rsetiw ha`m servis salasi 2011-jilda jedel pa`tler menen rawajlanip, onin` jalpi ishki o`nimdegi u`lesi 2000-jildag`i 37 protsent ornina 50,5 protsentti quradi» dep atap ko`rsetgen edi.

Qarao`zek rayoninin` tabiyiy-ekonomikaliq demografiyaliq sharayati boyinsha berilgen rayon territoriyasinda sotsialliq tarawlardin` rawajlaniwi ushin ken` mumkinshilikler bar ekenligin sipatlaydi.

Qarao`zek rayoni xalqinin` sani 48,8 ming adamdi (2012 jil ) qurap, sonnan 30,5 protsenti qalalarda xa`m 69,5 protsenti awillarda jasaydi.

Rayon xalqinin` ko`pshiligi awillarda jasawi xaliqqa xizmet ko`rsetiwdi duris jolg`a qoyip rawajlandiriwda qatar territoriyalliq geografiyaliq mashqalalardi keltirip shig`aradi.

Xaliqqa xizmet ko`rsetiw tarmaqlarinin` duzilisin rawajlandiriwda ken` jumislardi a`melge asiriw ulken a`hmiyetke iye. Bunda tiykarinan itibar xaliqtin` sotsialliq ekonomikaliq rawajlaniwin ta`miynlewde olardin` jasaytug`in territoriyaliq o`zgesheliklerin esapqa alip, zamanago`y infrastruktura tarmaqlarin jaratiw menen xaliqtin` turmis abadanlig`in asiriw arqali kushli sotsialliq siyasatti ka`liplestiriw bugingi kunnin` aktual ma`selelerinen esaplanadi.

**Qa`nigelik jumisinin` maxseti xa`m uaziypalari.** Qa`nigelik jumisimnin` tiykarg`i maxseti Qaraqalpaqstan Respublikasi Qarao`zek rayoninda xaliqqa

hizmet ko`rsetiw tarmaqlari xizmetin sipatlaw menen olardi rawajlandiriw mashqalalarin u`yrenip, olardi sheshiw jollarin ko`rsetip beriw bolip tabiladi.

Tiykarg`i waziypalar to`mendegishe.

- Rayonda xaliqqa xizmet ko`rsetetug`in tarawlardin` rawajlaniwina tabiyiy sharayatlar xa`m resurslardin` ta`sirin u`yreniw.
- Xaliqqa xizmet ko`rsetetug`in tarmaqlardi rawajlandiriwda rayon xalqinin` qurami, jaylasiwi ha`m miynet resurslarinin` a`hmiyetin aniqlaw.
- Rayonda xaliqqa xizmet ko`rsetetug`in tarmaqlardin` jaylasiwin u`yreniw.
- Xaliqqa xizmet ko`rsetetug`in tarmaqlardi rawajlandiriwdag`i mashqalalardi u`yreniw.

**Mashqalalardin` u`yrengenlik da`rejesi. O`**zbekistan Respublikasi sotsialliq-ekonomikaliq kompleksi quraminda demografiyaliq sharayatlardi turaqlastiriw ha`m sotsialliq infraduzilmelerdi rawajlandiriw ma`selelerine ayriqsha itibar bermekte. Sog`an baylanisli har bir territoriyanin`, regionlardin`, rayonlardin` sotsial-demografiyaliq rawajlaniwin u`yreniw ha`m infraduzilmelerdi u`yreniw kun ta`rtibidegi basli waziypalar qatarina kiredi.

Qarao`zek rayoninda xaliqqa xizmet ko`rsetiw tarmaqlarinin` xa`zirgi rawajlaniw da`rejesi u`yrenildi ha`m keleshekte awilliq jerlerdegi xaliqlardin` jasaw sharayatlarin jaqsilaw ushin usinislar berildi.

Menin` piteriw ka`nigelik jumisimda Qarao`zek rayoninin` sotsialliq-ekonomikaliq rawajlaniwinda a`hmiyetli tarawlardan bolg`an zamanago`y infraduzilmelerdi jaratiw ma`seleleri uyrenildi.

**Ka`nigelik jumisinin` ilimiy jan`alig`i.** Bul ka`nigelik jumista Qarao`zek rayoninin` xaliqqa xizmet ko`rsetiw tarawlarin rawajlandiriw mashqalalarin kompleksli wyreniwge bag`darlang`an ilimiy izzertlew jumisi bolip tabiladi. Izzertlew jumisinda to`mendegi ma`seleler islep shig`ildi.

- Rayonda xaliqqa xizmet ko`rsetetug`in tarawlardin` rawajlaniwina tabiyiy sharayatlar ha`m resurslardin` ta`siri u`yrenildi.
- Xaliqqa xizmet ko`rsetetug`in tarmaqlardi rawajlandiriwda rayon xalqinin`, miynet resurslarinin` a`hmiyeti aniqlandi.

- Rayonda xaliqqa xizmet ko`rsetetug`in tarmaqlardin` jaylasiwi u`yrenildi.

Xaliqqa xizmet ko`rsetetug`in tarmaqlardi rawajlandiriwdag`i mashqalalari u`yrenildi.

**Jumistin` a`meliy a`hmiyetliligi.** Qarao`zek rayoni boyinsha alip barilg`an izzertlewler na`tiyjeleri xaliqqa xizmet ko`rsetetug`in tarmaqlardi jaylastiriwda, rawajlandiriwda, xizmet ko`rsetiw kompleksleri menen baylanisli bolg`an mashqalalardi sheshiwde sonday aq respublika ko`lemindegi sho`lkemlerge a`meliy ja`rdem sipatinda xizmet qiladi.

**Qa`nigelik jumisinin` duzilisi.** kirisiw, ush bab, juwmaq, paydalanilg`an a`debiyatlardan ibarat bolip, uliwma ko`lemi 55 betten ibarat.

# I-BAP. QARAO`ZEK RAYONININ` GEOGRAFİYALIQ JAYLASQAN ORNI, TA`BİYİY-ShARAYATI HA`M TA`BİYİY RESURSLARINA GEOGRAFİYALIQ SIPATLAMA

## 1.1.Qarao`zek rayoninin` geografiyaliq jaylasqan orni ha`m onin` xojaliq tarawlarinin` qa`nigelesiwine ta`siri

Qarao`zek rayoni Qaraqalpaqstan Respublikasinin` arqa shig`isinda jaylasip rayon bolip du`ziliwinde ol 1976-jili Taxtako`pir rayoninin` buring`i «Moskva», «Qarao`zek», «Kalinin», «Ma`deniyat» Shimbay rayoninin` «Quralpa», Kegeyli rayoninin` «Qaraqalpaqstannin` 40 jillig`i» xojaliqlari bazasinda ashildi ha`m respublikamizdin` rayonlari arasinda paxtashiliq, saligershilik, qoy sharwashilig`i tarawlarina qa`nigelesken rayon bolip du`zildi.

Qarao`zek rayoni Qaraqalpaqstannin` arqa bo`liminde jaylasip, arqasinda Moynaq rayoni, shig`is ha`m arqa shig`isinda Taxtako`pir rayoni menen, tu`slik shig`isinda Beruniy rayoni menen, tusliginde Amiwda`r`ya rayoni menen shegaralassa, al tu`slik batisinda No`kis qalasi, batisinda Kegeyli ha`m Shimbay rayonlari menen shegeralasadi. Onin` en` arqa shetindegi tochkasi $43^0$ $25^I$ arqa ken`likten, $60^0$ $22^I$ shig`is boyliqtan, al en` qubladag`i shetki tochkasi $42^0$ $00^I$ arqa ken`likten, $60^0$ $30^I$ shig`is boyliqta jaylasip ol arqada Aral ten`izinin` qurg`ag`an ultanindag`i shegerasinan tu`slikte Beruniy rayoni shegerasindag`i Sultan Ways tawlarina shekem 170-200 km ge shekem, al batistan shig`isqa shekem 70-80 km ge sozilip jatadi.

Qarao`zek rayoninin` maydani 5,9 min` $km^2$ iyelep ol respublika territoriyasinin` 3,5 % maydanin iyelep jatir.

2012-jil 1-yanvar`dag`i rayon statistikaliq orayinin` mag`liwmati boyinsha bul rayon xalqinin` sani 48,8 min` adamdi qurag`an. Bul rayon respublika xalqinin` 2,8 % in quraydi degen so`z.

Qarao`zek rayoninin` adminstrativlik basqariw orayi Qarao`zek qala tipindegi poselkasinda 14,6 min` xaliq jasap Respublika orayi No`kis qalasinan 82 km

qashiqliqta jaylasqan. Respublikanin` arqa zonasinda A`miwda`r`yanin` on` jag`asinda orayliq jag`dayg`a iye bolg`an, Qaraqalpaqstannin` en` arqadag`i temir jol stantsiyasi sanalatug`in Shimbay stantsiyasina shekemgi araliq 20 km ge shamalas, al Taxtako`pir menen Qarao`zektin` arasida 20 km ge shamalas. Respublikanin` paytaxti No`kis qalasi menen, sonday-aq qon`silas Taxtako`pir, Shimbay rayonlari menen avtomobil` jollari arqali turaqli transport ekonomikaliq qatnasiqlarina iye.

Keleshekte No`kisten Taxtako`pirge shekemgi araliqta temir jol transporti qatnasi ornatiladi. Bul jol keleshekte Qaraqalpaqstan Respublikasinin` barliq qalalarina dawam etip quriladi. Bul temir jol transport joli rayon territoriyasinan o`tip O`zbekistannin` Orayliq qalalarina ha`m Qazaqstan Respublikasi oblastlarina shig`a aladi. Ha`zirshe temir jol transporti No`kis qalasinan Shimbay qalasina kelip xaliq xojalig`i tarawlarina kerek ju`klerdi tasiwda paydalanilip Qarao`zek rayonina arnalg`an ju`kler Shimbay stantsiyasina shekem jetip keledi.

Qarao`zek rayoni burin ha`zirgi Shimbay rayoninin` Qaraqalpaq sovxozinin` aymag`inda jaylasqan edi. Rayonnin` orayi Shaxaman poselkasinda bolg`an 1943 jili bul rayannin` jerleri ta`biyiy apatqa yag`niy suw basqinina ushiradi. Suw basqini rayonnin` barliq jerlerin basip alip tek Qusqana tobeligi g`ana suw basqininan aman qaldi. Solay etip ta`biyg`iy apat na`tiyjesinde xaliq bas panasiz qaldi. Qaraqalpaqstan Respublikasi hukimeti bas panasiz qalg`an xaliqti (ha`zargi Qarao`zek rayoni jerleri) Esimo`zek kanalinin` boylarina ko`shirip jayg`astirdi. Xaliqtin` jaylasqan jerleri sol waxittag`i Taxtako`pir rayonina tiyisli Karabug`a,

Esimo`zek awilliq ken`esleri edi. Esimo`zek awil ken`esinin` jaylasqan jerin Qarao`zek rayoninin` orayina aylandirdi. Quralpa sovxozinin` territoriyasi Shimbayg`a qaraytug`in edi, son` Karao`zek territoriyasina biriktirildi. 1950 jillari buring`i oraylasqan birlesken hu`kimettin` qarari menen Qarao`zek rayoni Taxtako`pir rayonina biriktirildi. Sonnan 1976 jili Taxtako`pir rayoninin` quraminan bo`linip o`z aldina qaytadan rayon bolip du`zildi.

Rayon xalqinin` sotsialliq-ekonomikaliq jag`dayin jaqsilaw ha`m olardin` ma`deniy turmisliq jaqtan xizmet ko`rsetiw bu`gingi ku`nnin` basli ma`selelerinin`

biri bolip esaplanadi. Rayon administrativlik jaqtan 8 awilliq puxaralar jiyinina, 4 ma`kan puxaralar jiyinina ha`m 1 poselkaliq puxaralar jiyinina bo`lingen. Qarao`zek rayoninda bu`gingi ku`ni 7 diyxanshiliqqa qa`niygelestirilgen diyxan fermer xojalig`i, 1 mal sharwashilig`ina qa`niygelesken xojaliq, 2 avtoka`rxana, 32 orta mektep, 1 litsey, 3 ka`sip o`ner kolleji, 1 poliklinika, rayonliq emlewxana, kinoteatr, ma`deniyat u`yi ha`m tag`i basqada xizmet orinlari jaylasqan.

Qarao`zek rayoninda xaliqtin` sotsialliq ekonomikaliq rawajlandiriwda onin` ekonomikaliq geografiyaliq jaqtan qolaysiz orinda jaylasiwi ta`sir jasap kelmekte. Birinshiden, rayon tek g`ana Qaraqalpaqstannin` emes al O`zbekstannin` en` arqasinda jaylasqan aymaqlarinan biri. Ayirim mag`lumatlarg`a qarag`anda jer ju`zindegi paxtashiliqtin` en` arqa zonasinda jaylasqan, kon`silas rayonlar menen salistirg`anda vegetatsiya da`wiri qisqalaw bolip keledi.

Sonliktanda rayonnin` termikalik resurslari paxtadan joqari zura`a`t toplaw ushin jetkiliksiz, al ma`kke, juweri, sali ham basqada da`nli eginlerdin pisip jetilisiwine toliq mu`mkinshilik beredi. Yanvar` ayinin` ortasha temperaturasi -7$^0$-8$^0$ S ti, al iyul` ayinin ortasha temperaturasi +26$^o$ S ti, +10$^0$ S tan jokari temperaturg`a iye kunler sani 180-192 kundi kuraydi, al na`tiyjeli temperaturalar jiyindisi 1900-2000$^0$ S ti qamtiydi.

Bul ko`rsetkishler Qaraqalpaqstannin` qubla rayonlari menen salistirg`anda a`dewir to`men. Misali, qublada jaylasqan To`rtkul rayonda na`tiyjeli temperaturalar jiyindisi 2430-3360$^0$ S ti qurap awil xojalig`i eginlerinin`, a`sirese issiliqti ko`p talap etetug`in paxtashiliqtan mol zura`a`t toplaug`a mumkinshilik beredi.

Ekinshiden, jilliq jawin shashinnin` mug`dari 80-100 mm artpaydi. Jawin shashinnin` azlig`i ha`m jergilikli suw dereklerinin` jetkiliksizliginen ko`lemi ha`m jer resurslarinan awil xojalig`inda paydalaniw da`rejesi to`men.

Rayonnin birden bir suw deregi Kizketken kanalinan sag`a aliwshi Kuwanishjarma kanali esaplanadi. Song`i jillari suw resurslarinin` og`ada az boliwina baylanisli awil xojaliginda paydalanatugin egislik jerlerdin duzilisinde Qarao`zek rayoninin` ekonomikasina ta`sir eterliktey derejede o`zgerisler

jurgiziledi. Salinin egislik maydani aytarliktay qiskardi, al onin ornina suwdi az talap etetugin eginlerdin egislik maydani keneytildi.

Ushinshiden, Karaozek rayoninin 590,1 min gektarlik jer qorinin 57,2 protsenti qumli sho`llerde jaylaskanligi sebepli awil xojaliginda paydalaniw derejesi to`men. Topiraq penen kaplangan jerlerinde shirindi mug`darinin` u`lesi og`ada az. Elimizde ju`z berip atirg`an ekonomikaliq dag`daris sebepli burinnan paydalanilip kiyatirg`an ma`deniy topiraqti qorg`aw jumislari to`men da`rejede. Organikaliq ha`m mineral to`ginlerdin` jetispewi na`tiyjesinde topiraq ariqlap, shirindi mug`dari ha`m basqada kerekli elementler azayip ketken.

Sonin` menen birge o`nimdar topiraqti qum basiw xa`wij almaqta, misali xa`zirgi Turkmen qirilg`an tas qudiq qumli massivlerinde burin egislikke paydalanilg`an, al xa`zir qarawsiz qalg`an jerlerdi ushiratiw mu`mkin.

To`rtinshiden, Aral tenizi qa`ddinin` to`menlep ketiwi sebepli juzege kelgen unamsiz ekologiyalik sotsialliq, ekonomikaliq jag`daydan en` ko`p ja`bir ko`rmekte. Bugingi kunde Aral mashqalasi og`ada keskinlesti. Bunnan yarim a`sir burin Aral tenizi Qarao`zek rayoninin` aymag`ina o`zinin` unamli ta`sirin tiygizip turar edi.

Besinshiden, Qarao`zek rayoni respublika paytaxti No`kisten juda` uzaqta, bir shette jaylaskan. Temir jol liniyalari joq. Qonsilas rayonlardin` da ekonomikaliq ko`rsetkishleri jaqsi emes, ha`mmeside diyxanshiliqtan ha`r jil sayin to`men ko`rsetkishke iye agrar rayonlar. Xaliqti sotsialliq jaqtan qorg`aw ha`m olarg`a turmisliq xizmetlerdi sho`lkemletirip rawajlandiriwda xalqinin` shashaw jasap atirg`anlig`i u`lken ziyan beredi.

Altinshidan, ekonomikaliq geografiyaliq orinnin` qolaysiz ta`replerinen biri Nawayi wa`layatlari menen avtomobil` jollarinin` baylanispag`anlig`i. Sonin` menen birge Qarao`zek rayoninin` ekonomikaliq geografiyaliq orninin` qolayli ta`repleride bar. Birinshiden, rayon ken` jer resurslarina iye. Onin maydani Evropanin` ha`m Aziyanin` ko`pshilik ellerinen u`lken. Qoyshiliq ha`m mal sharwashilig`in rawajlandiriw ushin seksewilzarliq penen qaplang`an qumli jaylaw u`lken a`hmiyetke iye.

Qizil qumnin` Qarao`zek rayonina tiyisli bo`leginde ju`zden artiq artezian qudiqlari islep tur ha`m bul sharwa mallari ushin jaylawlardi na`tiyjeli paydalaniwda ko`p paydasin tiygizip atir. Ayrim ilimpazlar artezian qudig`inin` qaptalinda payda bolg`an ko`latliqlarda baliqlardin` bir neshshe tu`rlerin o`rshitiw mu`mkin ekenligin da`liyllep bermekte.

Ekinshiden, quyash radiatsiyasinin` joqariligi o`zinin` u`lken na`tiyjesin bermekte, Qarao`zek rayoni elimiz qirmanina ha`r jili paxta, sali, biyday, o`nimlerin jetistirip beriwde o`zinin` aytarliqtay salmaqli ornina iye.

U`shinshiden, ta`biyiy landshaft ken` tarqalg`an aymaqlardan biri bolip tabiladi. Qizil qumda adam az ta`sir etken jerler ko`p bolip landshaft ta`biyiy halda saqlang`an.

Qarao`zek rayoninin` ekonomikaliq geografiyaliq jaylasqan orni transport, baylanis kommunikatsiyalarinin` rawajlaniwi menen o`z qolayliqlarina iye bolmaqta.

1992 jili gaz qubirlarinin` keyinirek Tuyemoyin-Shimbay-No`kis-Taxtako`pir suw trassalarinin` tartiliwi jergilikli xaliqti taza awiz suwlari menen ta`miynlep sotsialliq jagdaylarinin` a`dewir jaqsilaniwina alip keldi. Bul mumkinshilikler rayonnin` ha`r bir awillarina jetkiziw bu`gingi kunnin` basli waziypalari esaplanadi.

Ha`zirgi ku`nde rayon xalqinin` turmis abadanlig`in asiriwda olarg`a xizmet ko`rsetetug`in tarawlardi rawajlandiriwdin` bar mu`mkinshiliklerin esapqa alip ekonomikaliq sotsialliq tarawlarda ulken ma`selelerdi sheshiwdi talap etedi.

## 1.2 Qarao`zek rayoninin` tabiyiy sharayatlari ha`m tabiyiy resurslarina sipatlama

Qarao`zek rayoni A`miwda`r`yanin` del`tasinda jaylasqan, jer betinin` du`zilisi tiykarinan alg`anda tegisliklerden ibarat bolip keledi. Onin` tu`slik bo`liminde Qaraqalpaqstannin` biyik jerlerinen esaplanatug`in Sultan Ways tawinin` 478 m Ashshitaw biyikligi jaylasqan. Rayonnin` Quwanishjarma-Esim kanali boyi alabina tiyisli territoriyalari awil xojalig`inda paydalanilatug`in egis

jerlerden ibarat. Al rayonnin` Qoybaq awil puxaralar jiyininan baslap qublag`a qarap Sultan Ways tawina shekegi territoriyalari Qizilkum sho`linin` batis shetki qumli to`beshikleri yelep jatadi. Qarao`zek rayoninin 590.1 min gektarlik jer qorinin 57,2 protsenti qumli sho`llerde jaylaskanlig`i sebepli awil xojalig`inda paydalaniw da`rejesi to`men.

Rayonnin` arqa territoriyalari uzaq jillar dawamindi egip paydalaniwinin` na`tiyjesinde jer beti xojaliq jumislarinin` ta`siri astinda tegislengen. Qarao`zek rayoninin` ko`pshilik territoriyasi geologiyaliq jaqtan ta`riyplegende Turan platformasinin` ajiralmas bir bo`legi bolip esaplanadi. Ol tektonikalik jaqtan a`yemgi eralardan beri turg`in bolip qalg`an territoriyalar katarina kirip, xa`raketsiz aymaqlar qatarina kiredi.

Mezazoy erasina shekem Qaraqalpakstan aymag`i siyaqli bul territorilarda geosinklinal oblastlardan esaplanip, taw payda boliw protsessi polezoydin` aqirinda tamamlang`an. Sonliqtan platformanin` fundamentin mezazoyg`a shekemgi da`wirde jatqizilg`an sho`gindi taw jinislarinan ibarat xa`k taslar, metomorfizmge ushirag`an saz ilay /slanets/, magma jinislarinan granit, gneys, serpentinler kuraydi. Bul fundament katlamli palezoy erasinda ka`liplesken.

A`yemgi qurg`akliktin` payda boliw da`uirinen baslap-aq jerdin` beti juwiliw protsessine ushirap, a`ste aqirin jemirilip, u`gilip, tegislenip barg`an. Al, son`in ala platforma da`wiri baslang`anda, jer beti a`ste-aqirin sho`gip, paleozoy jinislarinin u`stinde jan`adan mezazoy ha`m kaynozoy qatlamlari toplana baslaydi. Na`tiyjede olar xa`zirgi kuni Qaraqalpakstan territoriyasinda a`dewir teren`de jatir. Rayon territoriyasinda qazilg`an kanallar, izeykeshler, japlar ha`m olardi tazalawdan payda bolg`an sheller, rashlar jer betin oyli qirlar etip jibergen. Oqpanlar ju`da` jekke siyrek ushirasadi.

Uliwma alg`anda rayonnin` jer betinin` du`zilisi awil xojaliq islerin ju`rgiziw ushin, transport qatnaslari ushin qolayli mu`mkinshilikler beredi. Xojaliq aymag`inda paydali qazilmalar joq. Qurilis materiallari ushin ko`binese qumlardi paydalanadi, ilaydan gerbishler tayarlaydi.

Rel`efinin` tegis bolip keliwi awil xojalig`i jumislarin toliq da`rejede mexanizatsiyalastiriwg`a qolayliqlar jaratadi. Sonday-aq massivtin` jer betinin` du`zilisi tegis boliwi transport, u`y jay qurilisi ushin jaqsi jag`day tuwdiradi ha`m eginshilikti toliq mexanizatsiyalastiriw turli qurilislardi planirovka etiw ushin qosimsha kapital qarjisiz alip bariwg`a mu`mkinshilik beredi.

Qarao`zek rayoni Qizil qum ha`m To`mengi A`miwda`r`ya ta`biyiy geografiyalik rayonlarinin` tiyisken aymag`inda, sho`l zonasinda jaylaskan. Rayon territoriyasi bir birinen pariq qilatug`in u`sh rel`ef duzilisinen ibarat.

1. Qizil qum sho`li.

2. Quwanish jarma-Esim kanali boyi alabi

3. Sultan Ways tawi.

Qizil qum sho`listanlig`inin` en` arkasi Moynaq rayonina shekemgi bo`limi Qarao`zek rayonina tiyisli bolip ol qubla-shig`istan arqa-batisqa qarap pa`seyip baradi ha`m batis ta`repte Aral tenizinin` kewip ultaninda qa`liplesken jan`a Aral qum sho`li menen tutasip ketedi, onin ortasha absolyut biyikligi 80 m ge shekem pa`seyedi. Biraq Taxtakopir rayoni aymagindag`i Beltau to`beshigine qaray joqarilaydi.

Qizil qumnin` qis ma`usimi Sibir` antitsikloninan ju`zege kelgen hawa massasinin` ta`sirinde boladi. Bul hawa massasi arqa-shig`istan esken qurg`aq ashiq ha`m suwiq hawani ju`zege keltiredi. Yanvar` ayinin ortasha temperaturasi –4-$6^0$ S qa shekem to`menleydi. Ayrim jillari hawanin minimal temperaturasi –$42^0$ S qa shekem tusip ketedi, birak bul ha`diyse songi 30 jilda juz bermedi.

Qizil qumnin jazi og`ada issi ha`m qurg`aq keledi. Iyul` ayinda hawanin` ortasha temperaturasi +28+30 $S^0$ qa ten. Qizil qum Qaraqalpaqstannin` ha`m O`zbekstannin` en` qurg`aq uchastkalarninan biri bolip jilliq jawin-shashin mug`dari 75-100mm a`tirapinda.

Qar qaplami juda` juqa bolip, wzaq wakit saklanbag`anlig`i sebepli sharwa mallari qista da jaylawlarda bag`iladi. Lekin, ayirim jillari noyabr`, dekabr`de jawg`an qar mart ayinin` ortalarina shekem erimey sharwashiliqqa u`lken ziyan beredi.

Qizilqumda klimattin` qurg`aklig`i sebepli turaqli suw derekleri jok. Biraq, jer asti suwlari juda` ko`p, lekin adamlardin ishimlik suwi retinde paydalaniwg`a jaramsiz. Qalin` qum barxanalari astinda shama menen 100m terenlikte dushshi jer asti suwlari bar bolip onin minerallasiw da`rejesi 0,3-1,2 protsentke jetedi.

Qizil qumda sur qon`ir topiraqlar ha`m rel`efi oy jerlerinde taqirlar ken` tarqalg`an, shirindi mug`dari 0,4-0,5% ge shekem jetedi.

Qizilqumnin` o`simlik dun`yasi o`zine ta`n ka`siyetlerge iye bolip jazdin` baslaniwi menen sarg`ayip quwrap qaladi. Al, seksewiller jil dawaminda o`z o`mirin dawam etedi.

Qizilqumda qum tishqani, jumiran qaziq, tasbaqa, kiriptiken, jilanlar, eshkemer, miy, qaraqurt, shayan, sut emiziushilerden kiyik, qasqir, tu`lki, porsiq, shag`al, qoyanlar jasaydi.

Quslardan ken` tarqalg`ani xojasaudager, jilqishi, suwpi torg`ay, u`yrek, g`az, qirg`awil, tuwalaq, shimshiq, g`arg`a, ha`kke ko`p ushiraydi.

Quwanish jarma-Esim kanali alabi. Quwanish jarma-Esim kanali 87 km uzinliqqa iye bolip Qizketken kanalinin` ekige bo`liniwinen payda bolg`an. Quwanish jarma-Esim kanali alabi to`rtlemshi da`wir jatqiziklari menen qaplangan.

Quwanish jarma-Esim kanali ha`m onnan sag`a alatug`in jap salmalardin` eki boyi o`nimdar ma`deniy topiraq penen qaplanip shirindi mug`dari 3 % ke shekem jetedi. Bir neshshe a`sirden beri bul alapta jergilikli xaliq diyxanshiliq penen shug`illanip kelgen.

Quwanish jarma-Esim kanalinin` eki boyinda torang`ilzarliq ha`m jigildikzarliq ken` tarqalg`an. Bul tog`aylardin` arasinda jabayi shoshqalardi, tulki, qasqir, shag`al, porsiq, qoyan, tishqanlardi, qirg`awil, xa`m quslardin` basqada turleri jiyi-jiyi ushirasiwi mu`mkin.

Quwanish jarma-Esim kanali alabi ha`zirgi A`miwdar`ya del`tasinin` bir bo`limi bolip esaplanadi. Sonin` menen birge a`yyemgi Aqsha da`r`ya del`tasida usi jerde jaylasqan bolip, antropogen allyuvial` jatqiziqlardan ibarat onin ortasha

qalinlig`i 20 m kem emes. Aral tenizinin` qurg`aqliqqa aylangan bo`leginde ha`zirgi zaman jatqiziqlari toplang`an.

Quwanish jarma-Esim kanali alabinin` o`simlik dun`yasi Qizilqum o`simliklerinen a`deuir pariq qiladi. Shorlaq topiraq ken` tarkalg`anlig`i sebepli jing`il, qarabaraq, aqbas, baliqko`z, jantaq boyan, qamis ju`zgin ken` tarqalg`an. Kishigirim maydandi iyeleytug`in torang`ilzarliq ha`m jigildikzarliqti ko`p ushiratiw mu`mkin. Biraq, song`i sherek a`sirde bul tog`ayliklardin` maydani bir-neshshe ese kishireydi. Olardin` ko`plep shabiliwi birinshiden jana egislik jerlerinin ko`plep ashiliwi, a`sirese saligershiliktin` rawajlandiriliwi menen tikkeley baylanisli. Ekinshiden, jergilikli xaliq otin sipatinda aqibetin oylamastan tog`ayliqlardi ko`plep joq etti.

Sultan Wa`yis tawi A`miwda`r`yanin` on` jag`asinda, To`rtku`l menen No`kis qalalarinin` arasinda jaylasqan. Ol tu`slik bo`liminde ken`lik boyinsha, al arqa ta`repinde meridian bag`itta jaylasqan bolip, arqadan tu`slikke uzinlig`i 40 kilometrden artiq, ken`ligi 10-15 kilometrge sozilip jatir.

Jer betinin` du`zilisi boyinsha onin` tek tu`slik bo`limi g`ana tawg`a xarakterli rel`ef formalarin saqlap qalg`an. Bul bo`liminde tik janbawirlari, taw alaplari ha`m elege shekem topiraq payda bolmag`an kristalli taw jinislarinan du`zilgen jar taslar jiyi ushirasadi. Sultan Wa`yis tawinin` en` biyik tochkasi da usi bo`liminde (Qarachingil tawi) jaylasqan. Qarachingil tawinin` okean qa`ddinen biyikligi 473 metr. Sultan Wa`yis tawinin` orta ha`m arqa bo`limleri juwiliw protsessinin` ju`da` ku`shli bolg`an jerleri esaplanadi. Olar absolyut biyikli boyinsha 300-350 metrge ten` bolg`an menen de, jer betinin` tegis ekenligine baylanisli, arqa ta`repindegi Sultan Wa`yis tawi aldi platosi menen sezilersiz da`rejede qosilip ketedi.

Jilliq jawin-shashin mug`dari ha`dden tisqari az bolg`anlig`inan Sultan Wa`yis tawinda turaqli ag`in suwlar joq. Biraqta waqitsha ag`atug`in saylar, a`sirese Sultan Wa`yis tawinin` tu`slik bo`liminde ko`p tarqalg`an. Olardin` en` u`lkenleri Sultanbaba say, Uri say ha`m t.b.

Bul saylardin` janbawirlari geypara jerlerinde ju`da` tik bolip, qiyalig`i 30-40 gradusqa, al saylardin` teren`ligi bolsa, 150 metrge shekem jetedi. Olardin`

ko`pshiligi quyar jerlerinde tu`sliktegi Aqshada`r`ya oypati ha`m tu`slik-batisindag`i A`miwda`r`yanin` alabi menen qosilip, rel`efte jog`alip ketedi. Bul saylar ko`binese ba`ha`r aylarindag`i qardin` erigen suwlari ha`m jawin-shashinlardan suwlanip, jildin` ko`pshilik waqtinda olarda suw bolmaydi.

Territoriya uzaq jillar dawaminda kisken kontinental`, qurg`aq klimatti basinan keshirip atirg`anlig`i sebepli u`giliw protsessi na`tiyjesinde payda bolg`an bos jinislar ko`binese sol territoriyanin` o`zinde qaladi. Olar alyuvial` - delyuvial` jatqiziqlardi payda etedi. Sultan Wa`yis tawinda a`tirapindag`i Qizilqumnan samallardin` alip kelgen shan`larinan toplang`an qum massivleri de ushirasadi.

Sultan Wa`yis tawinin` arqa ta`repinde, arqa-batistan tu`slik-shig`is bag`itta absolyut biyikligi 180-260 metrlik Taw aldi platosi jaylasqan. Platonin` uzinlig`i 65 km. Ol ju`da` ken` jerinde 15 km den de asip ketedi. Sirtqi ko`rinisi boyinsha bul plato Sultan Wa`yis tawinin` arqa ta`repindegi dawamina ju`da` uqsas.

Biraqta bul platoda Sultan Wa`yis tawina xarakterli a`yyemgi taw jinislari ju`da` teren`de jaylasqan. Olardin` beti ju`da` qalin` por da`wirinde ha`m u`shinshi da`wirdin` basinda bolg`an ten`iz jatqiziqlari menen jabilg`an. Bul ten`iz jatqiziqlari ha`zirgi waqitta derlik gorizontal` qatlamlardi payda etedi. Uliwma alg`anda, bul platonin` jer betinin` du`zilisi oyli-ba`lentli tegislik bolip, ol arqag`a qaray qiyaliqti payda etip jaylasqan.

Jerdin` beti ko`binese ken`lik ag`atug`in bir neshe saylar menen tilimlengen. Olar tek jawin-shashinli aylarda g`ana ag`atug`in waqitsha saylar. Bul saylar to`mengi bo`liminde Qaraqalpaqstan Qizil qumi menen qosilip o`zlerinin` an`g`arin jog`altip qoyadi. Platonin` betinde samal alip kelgen jatqiziqlardin` payda bolg`an qum massivleri de ushirasadi. Olar platonin` u`stinde ko`binese g`az - qatara bolip dizbeklesip jaylasqan u`yinshik-u`yinshik qumlardi payda etken.

Qum dizbeklerinin` bir-biri menen qosilip ketiwi na`tiyjesinde payda bolg`an rel`eftin` yacheyka formalarin ushiratamiz. Qum dizbeklerinin` ba`lentligi 5 metrge shekem jetedi. Uliwma alg`anda, bul platonin` ha`zirgi waqittag`i jer betinin` du`zilisi onin` territoriyasinda suw basseyninin` por da`wiri menen u`shinshi da`wirdin` birinshi yariminda da bolg`an ekenligin, al keyingi waqitlari

bul territoriyada kontinental` klimat sharayatinda u`giliw ha`m juwiliw protsesslerinin` u`stemlik etkenligin ko`rsetedi.

Qarao`zek rayoninin` klimatinin` payda boliwinda onin` territoriyasinda jil dawamindag`i Quyashtan keliwshi nurli energiya tiykarg`i faktorlardan biri esaplanadi. Quyashtan keletug`in nurli energiyanin` mug`dari territoriyanin` barliq jerlerinde de birdey bolmaydi. O`ytkeni, Qarao`zek rayoni arqadan tu`slikke 180 km den aslam araliqta sozilip jaylasqanlig`inan, onin` tu`slik ta`repi menen en` arqa shetinde Quyash nuri Jerdin` betinde birdey mu`yesh jasap tu`speydi, Jerdin` beti sonshelli ko`birek Quyash radiatsiyasin qabil etedi.

Qarao`zek rayoninin` aymag`inin` geografiyaliq jaylasqan orni ortasha poyasqa tuwri kelgenliginen, ondag`i belgili bir rayong`a Quyash nurinin` jil dawamindag`i tu`siw mu`yeshi birdey emes. Ma`selen jazg`i ku`n toqtaw waqtinda 22 iyun`de rayonnin` tu`slik ta`repinde Quyash nuri Jerdin` betine $70^0$ – $71^0$ 35′, al en` arqa shetinde $67^0$ 55′ mu`yesh jasap tik tu`sedi.

Ol bul territoriya ushin en` uzaq ku`nler ha`m quyash nurina bay waqit esaplanadi. Og`an qarama-qarsi qisqi ku`n toqtaw ku`ninde - 22 dekabr`de rayonnin` tu`slik tochkasina Quyash nuri $25^0$ 35′ ha`m ju`da` arqadag`i shegarasina $20^0$ 55′ mu`yesh jasap, qiya tu`sedi. Ol bizin` respublikamiz sharayatinda jil dawamindag`i en` qisqa ku`n ha`m suwiq hawa bul rayonda da payda bolg`an.

Rayon klimatin payda etiwde, ondag`i Jer betine ha`r jili tu`siw mu`mkinshiligi bar Quyash radiatsiyasinin` mug`darinan basqa, Qarao`zek rayoni aymag`i du`n`yadag`i en` u`lken materiklerden biri esaplanatug`in Evraziyanin` orayliq bo`liminde jaylasqan ekenligide u`lken a`hmiyetke iye. Onin` territoriyasinda pu`tkil Orta Aziya respublikalarinin` tegislik bo`limindegi klimati siyaqli ju`da` keskin kontinental` klimatti payda etedi.

Klimattin` kontinental`lig`i meteorologiyaliq elementlerdin` sutkaliq ha`m jil barisindag`i keskin o`zgeriwinde seziledi. Ma`selen, Bizin` respublikamizdin` territoriyasi boyinsha jil dawamindag`i baqlanatug`in hawanin` en` joqarg`i ha`m ju`da` to`mengi temperatura da`rejelerin bir-biri menen salistirsaq, olardin`

arasinda u`lken ayirmashiliqtin` bar ekenligin ko`remiz. Buni tomendegi kesteden ko`riwge boladi

Kestede berilgenindey Yanvar` ayinin` ortasha temperaturasi Qon`iratta -7,1 gradusqa, Shimbayda -7,6 gradusqa ten`. Al No`kis ha`m Urgenish stantsiyalarinin` ortasha mag`liwmati boyinsha yanvar`din` temperaturasi -6,9 gradustan -5,1 gradusqa ten`. En` issi ay dep esaplang`an iyun` ayinin` ortasha temperaturasi barliq stantsiyalarda derlik bir-birine og`ada jaqin.

**№1-keste**

**Qaraqalpaqstan Respublikasi basqa da xojaliqlari ushin temperatura ha`m jawin-shashinlardin` bo`listiriliwi**

| Meteo stantsiyalar ati | Ten`iz qa`ddinen ba`lentligi m | Ortasha ayliq $5^0$ S | | Ortasha jilliq $5^0$ S | Jilliq amplituda | Jawin-shashin mm | Paydali temp.jiyindisi Gradus esabinda |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | yanvar` | iyul` | | | | |
| Qon`irat | 63 | -7.1 | 25.8 | 10.0 | 32.9 | 108 | $1902^0$ |
| No`kis | 76 | -6.9 | 27.1 | 11.0 | 34.0 | 82 | $2147^0$ |
| Shimbay | 66 | -7.6 | 26.0 | 10.0 | 33.6 | 90 | 1958 |
| U`rgensh | 151 | -5.1 | 27.3 | 11.8 | 32.4 | 82 | 2215 |
| To`rtkul | 109 | -4.9 | 28.2 | 12.4 | 33.1 | 80 | 2385 |

Ma`selen Qonirat 25,8 gradus bolsa, Shimbayda 26 grdadusqa, al No`kis ha`m Urgenish stantsiyalarinda 27,1 ha`m 32 gradusqa shekemgi araliqta boladi.

Ol No`kiste $78^0$, Tayaqitasta $79^0$, Jasliqta $81^0$, «Karakalpakiya» ha`m Shabanqazg`anda $84^0$ qa ten`. A`dewir ayirmashiliqtin` bar ekenligin ha`tteki ha`r bir sutkanin` ishindegi temperatura da`rejesinde de bag`lawg`a boladi. Respublikamiz sharayatinda jaz aylarinda sutka ishindegi en` to`men temperatura ko`binese azan`g`i saat 4-5 ge, al ku`ta` joqarg`i temperaturalar saat 14 penen 16 nin` aralig`ina tuwra keledi.

Meteorologiyaliq elementlerdin` ko`rsetkishlerinin` jil dawaminda ha`m bir neshe jillar qatarina bir-birinen keskin pariq qilatug`inlig`in jawin-shashinlardin`

boliw mug`darinda da ayqin ko`riwge boladi. Ma`selen, bir neshe jillar qatarina toplang`an mag`liwmatlardi analizlep qarasaq, Qarao`zek rayoni ushin jil dawamindag`i en` jawin-shashinli ay esaplanatug`in martta, geypara jawin-shashinli jillari bir aydin` ishinde-aq 93 mm jawin-shashin jawg`an boliwina qaramastan, ayirim qurg`aq bolip kelgen jillari Qarao`zekte mart ayinin` ishinde 1 mm de jawin-shashin tu`spegen ekenligi baqlang`an.

Qaraqalpaqstan  ig`alli ha`m jilli hawa massasi keletug`in Atlantik okeaninan bir neshe min` kilometr uzaqta jaylasqanlig`i sebepli, onin` klimati ku`ta` qurg`aq boliwi menen ajiralip turadi. Qaraqalpaqstan  klimatinin` qurg`aqlig`i jilliq jawin-shashin mug`darinin` ha`dden tisqari az ekenliginde ha`m, a`sirese, jaz aylarinda hawanin` ku`ta` qurg`aq bolip keliwinde jaqsi seziledi.

Qaraqalpaqstannin`  sharayati siyaqli Qarao`zek rayoninin` aymag`inda hawanin` qurg`aqlig`i ko`binese onin` temperatura da`rejesi qanshelli joqarilag`an sayin, sonshelli ayqin seziledi. Sonliqtan da jil dawamindag`i hawanin` salistirma ig`allig`inin` en` to`mengi ko`rsetkishleri, respublikamizdag`i ku`ta` issi ku`nler baqlanatug`in may, iyun`, iyul` ha`m avgust aylarina tuwra keledi.

Hawanin` ku`ta` qurg`aqlig`i, a`sirese usi aylardag`i ha`r bir sutkanin` joqari temperaturalari baqlanatug`in ku`ndizgi saatlarinda ku`ta` jaqsi seziledi. Ma`selen, Qarao`zek ushin hawanin` ortasha ayliq salistirma ig`allig`i saat 13 te may ayinda 25%, iyun`da 22%, iyul` ha`m avgusta 24% ke ten`.

Qarao`zek rayoninin` klimatanin` payda boliwinda onin` pu`tkil Orta Aziyanin` tegislik bo`liminin` arqa shetinde jaylasqanlig`i ha`m onin` arqa ta`repinde Arktikadan keliwshi suwiq hawa massasi ushin irkinishtin` joq ekenligi a`hmiyetli faktorlardan esaplanadi.

Qarao`zek rayoninin` aymag`i boyinsha jil dawaminda u`stemshilik etiwshi hawa massasi Orta Aziyanin` tegislik bo`limi menen derlik birdey bolg`anlig`inan, olarg`a xarakteristika bergenimizde V.A.Bugaev, V.A.Djordjio ha`m t.b. din` bul ma`sele boyinsha Orta Aziyanin` tegislik bo`limi ushin berilgen hawa massalarinin` ha`reket etiw sxemalarinan paydalanildi.

Orta Aziyadag`i hawanin` to`mengi qatlaminda u`stemshilik etiwshi atmosfera tsirkulyatsiyasi sistemasinin` sxemalarin analizlegenimizde, en` birinshi ret, Orta Aziyanin` tegislik bo`limindegi klimatinin` payda boliwindag`i dinamikasi, jildin` suwiq ha`m jilli bo`limleri ushin ha`r qiyli ekenligi ko`zge tu`sedi. Jildin` suwiq bo`limindegi respublikamizdin` klimatin payta etiwde onin` territoriyasina qaray arqa, arqa-batis ta`repinen keliwshi suwiq hawa massasi aniqlawshi faktorlardan esaplanadi. Qaytalaniwi boyinsha ekinshi orindi Sibir` aktitsiklonin` arqa-shig`istan esiwshi suwiq samallardi payda etedi.

Territoriyanin` arqa ta`repinde suwiq hawa massalarin irke alatug`in tawlardin` bolmawi arqa, arqa-shig`is ha`m arqa-batis ta`repten esiwshi samallardin` jildin` suwiq bo`liminde rayonnin` barliq jerlerine erkin tu`rde kele beriwine mu`mkinshilik beredi. Ol respublikamiz territoriyasinin` o`zi jaylasqan geografiyaliq ken`ligine qarag`anda a`dewir suwiq ma`wsimi menen xarakterleniwine sebepshi boladi. Bul suwiq hawa massalari, ayirim jillari baqlanatug`ininday, ju`da` aktivlesip ketken jag`dayda ha`dden tisqari qatal qis ma`wsimin payda etiwi mu`mkin.

Suwiq hawa massalaranin` jiyi-jiyi keliwi ha`m Jerdin` betine Quyash nurinin` a`dewir qiya tu`siwi na`tiyjesinde qis aylarinin` ko`pshilik ku`nlerinde pu`tkil Orta Aziyanin` tegislik bo`liminde to`men temperaturalar ha`m awir hawa basimi payda boladi. Sol waqitlari Orta Aziyanin` tu`sliginde Iran ha`m Afganistan u`stinde jilli ha`m biraz jen`il hawa massasi u`stemlik etedi. Usi eki hawa massalarinin` bir-biri menen sibaylas polosasinda tez-tezden hawa frontlari ju`zege keledi. Olar tsiklonlardi payda etedi. Tu`slik ha`m tu`slik-batistan esiwshi tsiklonlar Orta Aziyag`a jilliliq alip keledi. Biraq ta ol hawa massalarinin` sostavinda ig`alliq az boladi.

Qis aylarinda rayon territoriyasina jilliliq ha`m ig`alliq alip keliwde batistan esiwshi hawa massasi (Atlantik okeaninan keliwshi) ayriqsha orindi iyeleydi.Orta Aziyanin` tegislik territoriyasindag`i hawa frontlari oni payda etiwshi hawa massalarinin` xarakterine qaray ha`r tu`rli boladi. Egerde jilli hawa massasina

qarag`anda suwiq hawa massasi enli ha`m qalin` bolsa, jilli jen`il hawa suwiq hawanin` u`stine derlik tikke ko`teriledi.

Eki hawanin` ushirasqan polosasinda hawanin` suwiq fronti payda boladi. A`dette, suwiq hawa frontlarinda jilli hawa salqin hawa menen aralasip, ol tez suwip ketedi. Bunday jag`dayda hawanin` salistirma ig`allig`i ko`beyedi. Suwig`an hawa a`dette tez toyinadi. Na`tiyjede jawin-shashinlar payda boliw mu`mkinshiligi tuwiladi. Hawa frontlari payda bolg`an territoriyalarda hawa rayi ha`dden tisqari turaqsiz boladi.

Jazda Sibir` antitsikloninin` tu`slik-batis shetleri Qaraqalpaqstan territoriyasinan a`dewir arqa-shig`isqa qaray jiljiydi. Sonliqtanda ol jaz aylarinda Bizin` respublikamizdin` territoriyasinin` klimatina aytarliqtay ta`sir etpeydi.

Bul ta`sirdi biz jaz aylarinda tek arqa-shig`istan esiwshi salqinlaw samal tu`rinde g`ana sezemiz. Jaz aylarinda batistan keliwshi Atlantik okeani hawa massasinin` sostavinda ig`alliliq jildin` suwiq bo`liminde qarag`anda a`dewir ko`birek boladi.

Biraqta, olar Orta Aziyanin` tegislik bo`limine keliwi menen jer betindegi u`stemshilik etiwshi joqari temperaturanin` ta`siri na`tiyjesinde isip ketedi. Hawa isip ketkenliginen, onin` salistirma ig`alliliq da`rejesi pa`seyedi, hawa toyiniwdan uzaqlasadi. Bulttin` payda boliw mu`mkinshiligi jog`aladi. Na`tiyjede ashiq, jawin-shashinsiz turaqli hawa rayi payda boladi.

Qarao`zek rayoninin` aymag`inin` basqa rayonlarg`a qarag`anda arqadan tu`slikke qaray a`dewir uzaqqa sozilip jaylasiwina baylanisli ondag`i meteorologiyaliq elementlerdin`, a`sirese, hawanin` temperaturasinin` jaylasiwinda zonal`liqtin` payda boliwi bayqaladi. Ma`selen, rayonnin` en` arqa sheti onin` ju`da` tu`sliktegi rayonlarina qarag`anda ortasha esap boyinsha, qis penen ba`ha`rde $5^0$ qa, al jaz benen gu`zde $3^0$ qa salqin ekenligin ko`remiz.

Qarao`zek rayoninin` aymag`i Turan oypatlig`inin` ajiralmas bir bo`legi bolip, a`yyemgi qurg`akliqtin` payda boliw da`wirinen baslap-ak jerdin beti juwiliu

protsessine ushirap a`ste aqirin jemirilip, unirap tegislene baslag`an. Xa`zirgi waqitlarida samal eroziyasi sebepli tegisleniw dawam etpekte.

Qarao`zek rayoninin` aymag`i geologiyalik duzilisi, onin` rawajlaniw tariyxi ayrim geologiyalik da`wirlerdegi tek o`zine g`ana ta`n bolg`an geoximiyalik o`zgerisler ha`r turli qazilma bayliklardin` ju`zege keliwine mumkinshilik jaratqan.

G`a`rezsizliktin` keyingi jillari Qarao`zek rayoninin` arqa ta`replerinde neft` xa`m gaz ka`nleri tabildi, bul ka`nler sanaatliq a`hmiyetke iye boliwi da mumkin. Paleogen xa`m por jatqiziklari arasinda toplang`an artezian suwlari xaliq xojalig`inda ulken a`hmiyetke iye bolmakta. Qarao`zek rayoninda ha`r qiyli shiyki zat qorlarinin` ashiliwi bul rayonda sanaatli bag`darda rawajlandiriug`a ken` mu`mkinshilikler jaratip beredi.

Klimat ha`m jer suw resurslari awil xojalig`in tu`rli bag`darda rawajlandiriw ushin xizmet etedi. Qarao`zek rayoni ta`biyiy sharayatlarina baylanisli xaliqqa xizmet ko`rsetiw tarmaqlarin rawajlandiriwdi ha`m termikaliq resurslardan a`dewir tolik ratsionalli paydalaniwg`a imkaniyat beredi.

Sebebi, jil boylik issi kunlerdin sani, hawanin` temperaturasi ha`m ig`allig`ina baylanisli rayonnin` ta`biyati quramali jerlerden xaliqtin` dem aliwi mahsetinde sayaman, shomiliw, dem aliw oranlari menen adamlardin` ga`wjim jerlerinde, qala baza oraylarina jaqin jerlede shayxanalardi sho`lkemlestiriw u`lken a`hmiyetke iye.

# II-BAP. QARAO`ZEK RAYONININ` XALQI HA`M MİYNET RESURSLARI

## 2.1. Qarao`zek rayoni xalqinin` jaylasiwi, qurami ha`m rawajlaniw dinamikasi

Qarao`zek rayoninin` territoriyasinda 2013 jil 1-iyuldag`i mag`liwmat boyinsha 48,9 min` xaliq jasaydi. Xaliqtin` 1 $km^2$ jerge tig`izlig`i 8,3 adamnan ko`birek keledi. Qarao`zek rayoninin` territoriyasi Qaraqalpaqstan Respublikasinin` territoriyasinan 31 ese az bolsada rayonda respublikanin` 4,3 % halqi jasaydi. Xalqinin` sani boyinsha qon`silas Taxtako`pir rayonina shamalas, biraq bul rayonnin` territoriyasi Qarao`zektin` territoriyasinan 4 ese az, Taxtako`pirge qarag`anda miynet resurslari jetkilikli da`rejede desek boladi.

Qarao`zek rayoninin` territoriyasi menen To`rtku`l rayoninin` territoriyasi derlik barabar, biraq xalqi To`rtku`ldin` xalqinan u`sh ese az.

Xaliqqa xizmet ko`rsetiw tarawlarinin` rawajlaniwin analizlegenimizde baranshaden xaliqtin` geogafiyaliq jaylasiwin u`yeniwimiz a`hmiyetli. Rayon xalq xojalig`anda qa`nigelesken tarawi awil xojalig`inda diyxanshiliq bolg`anlag`i sebepli xalqinin` basim ko`pshiligi rayonnin` arqa territoriyalarinda yag`niy Quwanish jarma-Esim kanali boylarin jag`alap jaylasqan.

Rayonnin` xalqi tiykarinan ta`biyg`iy o`simnin` esabinan ko`beyip atir. Migratsiya da`rejesi ha`r min` adamg`a 8,7 adamg`a tuwra keledi. Xalqinin` sostavinda jas o`spirimlerdin` sani ko`p. Jinis sostavi boyinsha erkekler 50,7 protsentti, hayallar bolsa 49,6 protsentti quraydi. Bul ko`rsetkish boyinsha Respublikanin` da`rejesinen parq qiladi.

Qarao`zek rayoninin` xalqi ko`binese asfal`t jol boylap ha`m kanallar boylap uyimlasqan tu`rde shoq bolip jaylasqan. Xalqi rayonnin` orayinda jaylasqan bir posyolkaliq puxaalar jiyininda, 8 awilliq puxaralar jiyininda jasaydi.

Qarao`zek rayoninin` ma`kan puxaralar jiyini ha`m awil puxaralar jiyini boyinsha jaylasiwin to`mendegi keste mag`lumatlainan ko`riwimizge boladi.

**№2-keste**

**Qarao`zek rayoni MPJ, APJ aymaqlainda jasawshi xaliq sani mag`lumati (2013 jil 1-iyul` xalatina)**

| № | APJ,MPJ | Shanaraqlar sani | Xaliq sani | Sonnan | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Erler | Xayallar |
| 1 | Qarako`l APJ | 708 | 5041 | 2541 | 2500 |
| 2 | Berdax APJ | 870 | 5313 | 2754 | 2559 |
| 3 | Alg`abas APJ | 672 | 5071 | 2663 | 2408 |
| 4 | Qoybaq APJ | 231 | 1381 | 673 | 708 |
| 5 | Ma`deniyat APJ | 891 | 5346 | 2630 | 2716 |
| 6 | Qarao`zek APJ | 702 | 4925 | 2497 | 2428 |
| 7 | Esimo`zek APJ | 364 | 2334 | 1179 | 1155 |
| 8 | Qarabug`a APJ | 705 | 4389 | 2217 | 2172 |
| | Ja`mi APJ lar; | 5143 | 33800 | 17154 | 16646 |
| 1 | PPJ | 304 | 1600 | 776 | 824 |
| 2 | №1-MPJ | 659 | 3584 | 1880 | 1704 |
| 3 | №2-MPJ | 570 | 3294 | 1610 | 1684 |
| 4 | №3-MPJ | 584 | 3078 | 1564 | 1514 |
| 5 | №4-MPJ | 638 | 3044 | 1496 | 1548 |
| | Ja`mi rayon orayi | 2755 | 14600 | 7326 | 7274 |
| | Ja`mi rayon; | 7898 | 48400 | 24480 | 23920 |

Rayonnin` xalqi bilim ha`m ma`deniy da`rejesinin` joqarilawinda orta ha`m joqari mag`liwmatli qa`nigelerdin` sani artpaqta.

Uliwma bilim beretug`in mekteplerdin` qatari ken`eydi, ka`sip-o`ner kolledjleri du`zildi. Balalar baqshasi ha`m yasliler ko`beydi. Den sawliqti saqlaw sistemasi, xaliqqa turmis jag`inan xizmet ko`rsetiw tarawlarin rawajlandiriw ilajlari a`melge asirilmaqta.

Orayliq Aziya ellerindegidey Qarao`zek rayoninda da xaliq tez pa`t penen o`spekte ha`m ta`biyg`iy o`sim da`rejesi aytarliqtay joqari keledi. Sonin` ishinde Qaraqalpaqstan Respublikasinin` Qarao`zek rayoninda da ta`biyg`iy o`sim aytarliqtay joqari rayon xalqi 1990 jili 36,9 min` adam bolsa, 2005 jilg`a kele 45,6 min` adam boldi. Al 2012 jili rayon xalqi 48,8 min` adamg`a jetti. Usi ko`rsetkishler boyinsha bir-birine salistirip qarasaq. Misali: 1990 jili menen 1997 jillar arasinda 8788 adamg`a ko`beyip, 14,3 % o`sse, 1990-2005 jillarda 23,5 % ke o`sti, al 1990 jil menen 2012 jillar aralig`inda xaliq sanin salistirip qarasaq, bul

waqta xaliqtin` sani 23,5 protsentke o`skenligin ko`rsetedi. Ayirim jillar ishinde Qarao`zek rayoninda xaliqtin` o`siw dinamikasin to`mendegi mag`liwmatlardan da bayqawg`a boladi.

**№3-keste**

**Qarao`zek rayoninda ayirim jillar ishinde xaliq saninin` o`siw dinamikasi.***

| Jillar | Rayonnin` baliq xalqi | | Usinnan qala ha`m awil xalqinin` salistirmali u`lesi | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | Min` adam esabinda | 1990 jilg`a % esabinda | Qala xalqi min` adam | % esabinda | Awil xalqi min` adam | % esabinda |
| 1990 | 36,9 | 100,0 | 11,0 | 29,8 | 25,2 | 70,2 |
| 1991 | 40,8 | 110,5 | 12,3 | 30,1 | 28,5 | 69,9 |
| 1992 | 39,4 | 106,7 | 12,2 | 30,9 | 27,2 | 69,1 |
| 1993 | 40,6 | 110,1 | 12,6 | 31,0 | 28,0 | 69,0 |
| 1994 | 40,8 | 110,5 | 12,6 | 30,8 | 28,2 | 69,2 |
| 1995 | 41,4 | 112,2 | 12,7 | 30,6 | 28,7 | 69,4 |
| 1996 | 41,7 | 113,1 | 12,9 | 30,9 | 28,8 | 69,1 |
| 1997 | 42,2 | 114,3 | 13,1 | 31,1 | 29,0 | 68,9 |
| 2005 | 45,6 | 123,5 | 13,7 | 30,2 | 31,9 | 69,8 |
| 2012 | 48,8 | 132,2 | 14,9 | 30,6 | 33,9 | 69,4 |
| 2015 | 50,9 | 137,9 | 15,1 | 29,7 | 35,8 | 70,3 |

***Qaraqalpaqstan Respublikasi ma`mleketlik statistika basqarmasi mag`lumatlarinan paydalanildi.**

Kestede berilgen mag`liwmatlarg`a qarag`anda rayon aymag`inda xaliq saninin` o`siwi o`te joqari emes, ha`tteki keyingi 7 jil ishinde rayon xalqi barlig`i bolip 3,2 min` adamg`a yaki jilina tek bolg`ani 406 adamg`a ko`beydi. Sebebi keyingi 12 jil ishinde ta`biyg`iy o`sim rayon ko`leminde 2,4 ese derlik kemeyip ketti. Bul ba`rinende burin rayon aymag`inda tuwiliwshiliq qisqariwina baylanisli boldi. Qaraqalpaqstan Respublikasi ha`m Qarao`zek rayoninda da tuwiliwshiliqtin` azayiw tendentsiyasi bayqalmaqta. Sebebi Aral ten`izi qurg`awi na`tiyjesinde Qarao`zek rayani aymag`i ekologiyaliq apatshiliq zonasinda jaylasqanlig`i sebepli xaliqtin` ta`biyiy o`simine keri ta`sirin ko`rsetpekte.

Bul krizisten en` birinshi ja`bir ko`rip atirg`an jergilikli xaliqlar, balalar, hayallar, kem ta`miyinlengen awil ha`m qala xaliqlari. Bul regionda buring`i awqam waqtinda jas balalardin` o`limi boyinsha (ha`r 1000 tuwilg`an baladan 75

bala), analardin` o`limi boyinsha (ha`r 1000 tuwiwg`a 120 bala) joqari ko`rsetkishlerge iye edi.

Regionda kambag`alshiliqtin` joldaslari bolg`an awiriw tu`rleri - tuberkulyoz, infektsiyaliq ha`m parazitlik keselliklerden – paratif, tif, gepatit keselliklerі tarqalg`an. Bunday kesellikler a`sirese Qaraqalpaqstannin` awil ha`m qalalarinda aniq bayqaladi. Regionda awiriwlardin` ko`beywi qa`weterli tendentsiyalarg`a iye. Ekologiyaliq apatshiliq epitsentrinde anemiya, bo`teke, bawir keselliklerі ko`beymekte. A`sirese qan keselliklerі rak, astma ha`m ju`rek qan tamiri kesellikler tu`rleri ken` tarqalmaqta. Meditsinaliq izertlewlerdin` juwmag`ina qarag`anda bul awriwlardin` tu`rleri ha`m ko`beyip bariwi ekologiyaliq apatshiliqqa baylanisli ekenligin tastiyiqlaydi.

Rayon xalqinin` jas strukturasina baylanisli mag`liwmatlardi mina tablitsada ko`riwge boladi.

**№4-Keste**

**Qarao`zek rayoni xaliqinin' jinis ha'm jas qurami.***

| **Rayon xaliqinin' jas ha'm jinis qurami** | **Min' adam esabina** | **Juwmaqqa % esabinda** |
|---|---|---|
| Rayon boyinsha barliq xaliq sani usinnan | 50,9 | 100,0 |
| a)erkek jinistag'i adamlar | 25,6 | 50,2 |
| b)Hayalar | 24,2 | 47,6 |
| Uluwma xaliq saninda 16 jasqa shekemgi jaslar usinnan | 17,2 | 33,8 |
| a)er jinistag'i adamlar | 8,0 | 15,7 |
| b)Hayallar | 8,1 | 15,9 |
| 16 jastan 55 ha'm 60 jasqa shekemgi miynetke jaramli adamlar sani | 25,1 | 49,3 |
| a)er jinistag'i adamlar | 12,6 | 24,7 |
| b)Hayallar | 12,5 | 24,5 |
| Miynet jasindag'i kategoriyadan o'tken adamlar sani | 3,5 | 6,8 |

*Qarao`zek rayoni xakimiyati statistika basqarmasi mag`lumatlari 2015 jillar.

Keltirilgen mag'lumatlarg'a qarag'anda rayon aymag'inda xaliqtin' jas o'zgesheliginde u'lken parq bayqaladi, Ha'tteki 16 jasqa shekemgi jas o'spirimlerdin' sani ha'zirdin' o'zinde barliq xaliqtin' 32,9 % ten aslamin

iyeleydi. 16 jastan 22 jasqa shegimgi kategoriyalarindag'i adamlardi qossaq onda bul ko'rsetkish barliq xaliqtin' yarimina jaqininan quraydi degen so'z.

Biraq rayon xalqinin` quraminda jas o`spirimlerdin` sani 1997 jillari jilina 18927 adamdi qurag`an bolsa 2005 jilg`a kelip 17232 adamg`a al 2012 jilg`a kelip 16120 adamg`a kemeygen. Bunday jag`daylardin` sebebi regionda 1980 jillardan baslap ekologiyaliq ten` salaraliliqtin` buziliwi aqibetinde xaliq arasinda tu`rli keselliklerdin` a`siese tuwiw jasindag`i analarda kem qanliq keselliklerinin tarqaliwi o`z ta`sirin ko`rsetpekte.

Xaliqtin` jas ha`m jinis sostavinin` ekonomikaliq ha`m demografiyaliq a`hmiyeti og`ada u`lken. Rayonda uliwma erlerge qarag`anda hayallardin` sani kemirek. 1993 jilg`i esap-sanaq boyinsha Qarao`zekte 19938 er adamlar (51,1 %) ha`m 20099 hayallar(48,9%) bolg`an bolsa, al 2013 jilg`a kele erkeklerdin` sani 24,6 min` adamg`a, al hayallar 24,2 min` adamg`a ko`beygen.

Xaliqtin` sem`yaliq ahwali jan`a a`wladti ta`rbiyalawda eki jinisqa ta`n bir-biri menen keshetug`in o`mir joldasliq turmisti ta`miynlewde, insan a`wladinin` o`mirin saqlap qaliw ha`m oni kamalg`a jetkiziwde u`lken rol` oynaydi. Revolyutsiyadan burin boyi jetpegen jas o`spirim qizlardi erte erge bergen. Satip, qalin` mal alg`an, olardi ja`miyetlik ma`deniy ha`m ekonomikaliq turmisqa qatnastirmadi.

Sonliqtan xaliqtin` demografiyaliq rawajlaniwinda ayirim qolaysiz tendentsiyalar bayqaladi. Biraq keyingi qayta quriw jillarinda qatin-qizlar ja`miyetlik miynetke tartildi. Erler menen ten` huqiqqa iye boldi. Olardin` ma`deniy siyasiy ha`m ekonomikaliq turmista roli asti. Bilim da`rejesi artti. Ja`miyetlik qurilis jag`dayinda jaslar o`z su`ygenlerine qosiliw mu`mkinshiligine iye boldi ha`m nekeler bekkemlendi. Bul ha`m tag`i basqa da a`hmiyetli ilajlar rayon xaliqtin` san jag`inan o`siwine ha`m rawajlaniwina jol ashti.

Qarao`zek rayoni xalqinin` milliy qurami onlag`an milletlerden quralg`an. Milletler arasinda dosliq, qarim-qatnaslar tig`izlanip birge tatiwliqta jasamaqta. Rayon xalqinin` milliy qurami Qaraqalpaqstannin` basqa rayonlarina salistirg`anda aytarliqtay bir tekli. Misali rayon aymag`inda 48,8 min` xaliq jasaydi desek,

usinnan qaraqalpaqlar 80,4 %, qazaqlar 16,7 %, o`zbekler 0,5 %, ruslar 0,02 %, tatarlar 0,1%, al basqa da milletlerdin` wa`killeri 2,0 % quraydi.

Solay etip, rayon xalqinin` 39235 adami qaraqalpaqlardan ibarat bolip olardin` 69,4 % ti awilliq jerlerde jasaydi. Qazaqlar bolsa, tiykarinan Qoybaq awil puxaralar jiyininda jasap mal sharwashilig`i menen shug`illanip, sho`listanli jaylawlarda mal bag`iw menen sheklense, kirgizlar koreetsler, ruslar, uyg`irlar ko`binese xaliqqa xizmet ko`rsetiw sferalarinda jumis isleydi.

## 2.2. Qarao`zek rayoni xalqinin` quraminda miynet resurslarinin` qa`liplesiwi

Rayon aymag`inda jumisqa jaramli miynet resurslari kategoriyasina kiretug`in xaliqlar 28,1 min` adamdi quraydi. Usinin` 17,3 min` adami xaliq xojalig`i tarawlarinda jumis isleydi. Xaliq ha`m onin` ta`biyg`iy o`simi, jaylasiwi u`stinde so`z ketkende miynet resurslarinin` ne ekenligi tuwrali biliw a`hmiyetli orindi iyeleydi. Miynet resurslarina miynetke jaramli jasi 16-55 jasqa shekemgi hayal qizlar ha`m 16 jastan o`tken 60 jasqa shekemgi erler jatadi. Jasi 54 jastan o`tken hayallar, 60 jastan o`tken erler O`zbekstan Konstitutsiyasina muwapiq hu`rmetli dem alis pensiyag`a shig`ariladi.

Pensiyag`a shiqqanlarinin` ishinde jumis islew qa`biletine iye bolg`anlardan, olardin` ta`jriybesinen toliq paydalaniwg`a boladi. Bul jag`dayda bunday adamlar miynet resurslarinin` ajiralmas bo`legine kiredi. Sonin` menen birge ha`r qiyli sebeplerge baylanisli mayip bolg`anlar miynet jasinda bolsa da miynet resurslarina kirmeydi. Tag`i ayta ketetug`in bir na`rse, ol da bolsa jas o`spirim oqiwshilar.

Awil xojalig`inin` o`nimlerin qiyin qistaw da`wirinde olardi waqitsha jen`il jumislarg`a tartiw mu`mkin bolsa, olarda miynet resurslarina waqitsha kiredi. Biraq olar 14-16 jas aralig`indag`i jas o`spirmler boliwi ko`zge tutilg`ani menen bul jastag`i jas o`spirmler miynet resurslarinin` aktiv bo`legin tuta almaydi. Miynet resurslarinin` o`siwi xaliqtin` ta`biyg`iy o`siminin` az yamasa ko`p boliwina migratsiyaliq protsesslerge baylanisli.

Qaysi rayonda ta`biyg`iy o`sim ko`p bolsa, sol rayonda miynet resurslarida ko`p jetkilikli da`rejede boladi. Misali, Orta Aziya respublikalarinda tuwiliwdin` ko`p boliwi esabinan resurslarda jetkilikli. Miynet resurslar xaliqtin` san esabinda ha`r qiyli rayonda ha`r qiyli boliwi mu`mkin.

Rayon aymag`inda miynetke jaramli adamlar to`mendegi tarawlarda jumis isleydi. Ma'selen: Respublikamiz boyinsha miynet resurslari barliq xaliqtin' 44-45% ke ten' bolsa, bul ko'rsetkish Qarao`zek rayoni boyinsha 57,5 % ti quraydi.

Bul ha'm basqada xaliqtin' itibarg'a alatug'in jas ko'rsetkishlerindegi unamli belgiler rayon aymag'inda xaliq xojalig'i tarawlarinda belgilengen rejelerdi iske asiriwg'a mu'mkinshilik beretug'inlig'i so'zsiz. Buni ha'zir bos miynetke jaramli adamlardan xaliq xojalig'inda paydalaniw da'rejesinde ko'rsetiwge boladi, buni to'mendeg'i tablitsada ko'riw mu'mkin.

**№5-Keste**

**Qarao`zek rayoninda miynetke jaramli adamlardin' xaliq xojalig'i tarawlari boyinsha bo'liniwi.***

| Ko`rsetkishler | **2011 yil** | **1.01.2013 yil** |
|---|---|---|
| Xaliq xojalig`inda-ja`mi | 15300 | 16000 |
| Sonnan: | | |
| - sanaatta | 283 | 283 |
| - awil xojalig`inda | 7600 | 7600 |
| - tag`ay xojalig`inda | 62 | 62 |
| - transport ha`m baylanista | 150 | 150 |
| - sawda, ha`m uliwma awhatlaniwda | 980 | 980 |
| - MTT tayarlawda | - | - |
| - informatsia-esaplaw xizmetinde | 8 | 8 |
| - u`y-jay qurlisi, xaliqqa xizmet ko`rsetiw tarawlarinda | 271 | 271 |
| - meditsina, ma`deniyat, sanaat, ilim ha`m sport tarawlarinda | 3627 | 3627 |
| - bank ha`m qamsizlandiriw mekemelerinde | 23 | 23 |
| - basqariw strukturalarinda | 200 | 200 |
| - basqa tarawlarda | 2096 | 2096 |

*Qarao`zek rayoni xakimiyati statistika basqarmasi mag`lumatlari 2010-2013 jillar.

Tablitsa mag'lumatlarina qarag'anda xaliq xojalig'i tarawlarinda islewshilerdin' basim ko'pshiligi awil xojalig'i ha'm qurilis tarawlarinda isleydi. Sonday-aq xaliqqa xizmet ko'rsetetug'in tarawlarda islewshilerdin' sani da jildan jilg'a ko'beymekte. Biraq degen menen bilimlendiriw tarawlarin, sonday-aq meditsinaliq xizmet ko'rsetetug'in tarawlarindada basqalarinda jumisshilar sani ele az.

Rayon aymag'inda 1-6 jasqa shekemgi balalar sani 5,8 min` adamdi qurasada bul tarawlarda 2013 -jili barlig'I bolip, tek 845 bala balalar baqshasinda ha'm yaslilerde ta'rbiyalang'an. Jumisqa tartilmag'an hayallardin' ko'p bo'limi u'y bekeleri, a'sirese jas balali hayallar esaplanadi.

Solay etip joqarida ko'rtsetilgen mag'lumatlarg'a qarag'anda rayon aymag'inda miynetke jaramli jastag'i adamlaridin' aytarliqtay basim ko'pshiligi xaliq xojalig'i tarawlarinda sonday-aq paydali jumis orini menen ta'minlengen, biraq degen menen rayon xaliq xojalig'i tarawlari bazar ekonokmikasi talaplarina sa'ykes strukturaliq qayta quriw siyasatin bastan keshirgenlikten xaliqtin' o'sip baratug'in ku'ndelikli talaplarin ta'minlew, sonday-aq jumis orinlarin du'ziwde qiyinshiliqlar ushraspaqta.

Eger bu'gingi ku'nde respublika aymag'inda 12,7 min' adam jumissiz dep registratsiyag'a alinsa, usinin' belgili bir bo'limi Qarao`zek rayonina tiyisli, sonliqtan bular miynet jobalari arqali esapqa aling'an ha'm olardi jumis penen ta'minlew ma'selesi sheshilmekte. Sonliqtan menin' jumisima baylanisli izzertlew ju'rgizgen rayonda da jumissiz adamlardin' 4600 adam ekenligi sir emes, biraq olardi jumis penen ta'minlew ma'mleketlik masshtapg'a qadag'alawg'a alling'an.

Usig'an sa'ykes sho'lkemlestirilgen formada sezon boyinsha jumisqa tartiw yamasa jah'a jumis ornin' du'ziw ken'nen iske asirilmaqta. Rayon mashtabinda xaliqti jumis penen ta'minlewde xaliqqa xizmet ko'rsetetug'in tarawlardi du'ziw ha'm rawjlandiriwg'a ayriqsha ahmiyetke iye.

Usig’an sa’ykes xizmet ko’rsetetug’in tarawlardi du’ziw, sanaat ka’rxanalarinin’ fillalarin sho’lkemlestiriw jolg’a qoyilip atir. Bul ilajlardin’ iske asiwi awilliq jerlerde jumissizliqti saplastiriwg’a ha’m xaliqti jurmis penen ta’minlewdegi jetekshi ilajlardan esaplanadi

Solay etip, xaliq xojalig`inin` rawajlaniwi miynet resurslarinan toliq paydalaniw arqali ayirim ekonomikaliq mexanizmlerden duris paydalaniw ja`miyetlik miynettin` o`nimdarlig`in joqarilatiwg`a ha`m usi esaptan sanaattin`, awil xojalig`inin` ha`m sharwashilig`i tarawlarinin` na`tiyjeligine jol ashadi.

Rayonlar ortasinda o`ndiristi aymaqliq sho`lkemlestiriw rayonnin` ekonomikasinin` bunnan bilay integratsiyalaniwina jol ashadi ha`m xaliq xojalig`in rawajlandiriwg`a mu`mkinshilikler tayarlaydi. Miynet resurslarinin` ekonomikaliq potentsialin duris paydalaniw, o`ndiris tarawlarin, awil xoajlig`in, mal sharwashilig`in ha`m xaliqqa xizmet ko`rsetetug`in servis tarawlarin territorial aspektte rawajlaniwina ha`m olardi territoriyaliq jaylastiriwg`a jag`day tayarlaydi. Bul aqirg`i esapta rayonlar arasinda miynettin` geografiyaliq bo`liniwine stimullastiriwg`a ha`m ratsional paydalaniw problemasin du`ziwge mu`mkinshilik beredi.

Miynet resurslari u`stinde so`z ketkende to`mendegi jag`daylardi da aytpay ketiwge bolmaydi. Bizler a`debiy kitaplarda oqig`anda elimizde jumissizlar joq, ha`mme jumis penen ta`miynlengen dep, jumissizlardi jasirip kelgen ekenbiz. Song`i jillardag`i ju`rgizilgen esap sanaqlar na`tiyjesinde tek g`ana Qaraqalpaqstanda 50 min` adamnan aslam jumis penen ta`miynlenbegen adamlardin` bar ekenligi ma`lim boldi.

Olardi jumis penen ta`miynlewdin` a`meliy ilajlari ko`rilip atir, biraq bul ma`sele ele de bolsa mu`shkil qospali problema bolip qalmaqta. Biz izzertlegen rayonda da jumissiz adamlardin` bar ekenligi sir emes. Bizin` shamalaw mag`liwmatlarimizg`a qarag`anda rayon xalqinin` 10% jaqin jumissizlar qatarina kiredi, sonliqtan xaliqtin` toliq jumis penen ta`miyn etiwdin` tiykarg`i sha`rtlerinin` biri olda bolsa, qala ha`m elatli punktlerde,

rayon oraylarinda, diyqan fermer xojaliqlarinda, jergilikli shiyki zatqa tiykarlang`an kishi ka`rxanalardi qurip iske tu`siriwden ibarat.

Bul birinshiden xaliqtin` jumis penen ta`miynlew mashqalasin sheshse, ekinshiden jan`a du`zilgen jumis orinlarinin` esabinan jergilikli byudjetti ka`rxanadan o`ndiretug`in nalogtin` esabinan pul menen ta`miynlewge ha`m awilliq jerlerde sotsialliq sferalardi rawajlandiriwg`a mu`mkinshilik jaratiladi. Bular aqirg`i esapta basqa da ilajlar menen birlikte puqaralardin` materialliq ha`m ma`deniy abadanlig`in ko`teriwge jol ashatug`ini so`zsiz.

## III. BAP. QARAO`ZEK RAYONI XALQINA XIZMET KO`RSETİW TARAWLARIN RAWAJLANDIRIW MA`SELELERİ

Bu`gingi ku`nde ma`mleketimizde sotsialliq tarawlardi rawajlandiriwdin` basli bag`darlardin` biri bul 2012 jildi «Bekkem shan`araq» jili dep belgileniwi usi shan`araqti quraytug`in ha`r bir insannin` den sawlig`in bekkemlewge, turmis abadanlig`in asiriwg`a ha`m olardin` materialliq, ma`deniy za`ru`rliklerin qanaatlandiratug`in xaliqqa xizmet ko`rsetiw tarawlarin rawajlandiriwg`a ken` itibar qaratilmaqta.

Xaliqqa xizmet ko`rsetiw tarawlarin u`yreniwde ha`r bir tarawg`a sa`ykes pa`nler ekonomika, sotsialogiya xa`m t.b. pa`nler qatarinda geografiya pa`ni a`hmiyetli orindi tutadi. Sebebi xizmet ko`rsetiw tarawlari mekemelerinin` jaylasiwi ha`m xizmet ko`rsetiw da`rejesinin`, xaliqtin` jaylasiwi menen za`ru`rlikleri da`rejesine sa`ykesligi arasindag`i o`zgesheliklerdi aniqlawda xaliqqa xizmet ko`rsetiwshi tarawlari geografiyasinin` a`hmiyeti u`lken.(Soliev.A, T.,2003. 51- bet)

Xaliq xojalig`i du`zilisinde materialliq emes o`ndiris tarawlarina kiretug`in xaliqqa xizmet ko`rsetiwdin` tu`rleri turaq-jay ha`m kommunal xizmeti, sawda ha`m uliwma awxatlaniw xizmeti, turmisliq u`skenelerdi on`law xizmeti, bilimlendiriw xizmeti, den sawliqti saqlaw xizmeti, ma`deniy ha`m ruwxiy ag`artiwshiliq xizmeti, sotsialliq ta`minat xizmeti, kridit qamsizlandiriw xizmeti, dene ta`rbiya ha`m sport xizmeti, baylanis ha`m transport xizmeti, rekreatsiya ha`m turizm xizmetlerin o`z ishine aladi.

Du`nyanin` rawajlang`an ma`mleketleri AQSh, Yaponiya, Batis Evropa ellerinde jalpi ishki o`nim ko`rsetkishinde xizmet ko`rsetiw tarawlarinin` u`lesi jil sayin artip barmaqta.

Prezidentimiz Islam Karimovtin` 2012-jilda O`zbekistanda sotsialliq-ekonomikaliq rawajlandiriwdin` en` a`hmiyetli bag`darlarina bag`ishlang`an Ministrlar Kabinetindegi bayanatinda «Elimizde xizmet ko`rsetiw ha`m servis salasi 2011-jilda jedel pa`tler menen rawajlanip, onin` jalpi ishki o`nimdegi u`lesi 2000-jildag`i 37 protsent ornina 50,5 protsentti quradi» dep atap ko`rsetgen edi.

Xaliqqa  xizmet ko`rsetiw tarawlarin rawajlandiriw ha`m olardi territoriyaliq jaylastiriwda jergilikli xaliqtin` tig`izlig`ina, du`zilisine ha`m ta`biyg`iy xa`reketine baylanisli faktorlag`a a`hmiyet beriwdi talap etedi.

2012-jil 1-yanvar`dag`i rayon statistikaliq orayinin`  mag`liwmati boyinsha bul rayon xalqinin` sani 48,8 min` adamdi qurag`an.  Bul rayon respublika xalqinin` 2,8 % in quraydi degen so`z. Xaliqqa xizmet ko`rsetiw tarawlarinin` rawajlaniwin analizlegenimizde birinshiden xaliqtin` geogafiyaliq jaylasiwin u`yeniwimiz a`hmiyetli. Rayon xalq xojalig`anda qa`nigelesken tarawi awil xojalig`inda diyxanshiliq bolg`anlag`i sebepli xalqinin` basim ko`pshiligi rayonnin` arqa territoriyalarinda yag`niy Quwanish jarma-Esim kanali boylarinda ha`r km$^2$ jege 19,2 adamnan jaylasqan.

Qarao`zek rayoninin` xalqi ko`pshiligi asfal`t jol boylap ha`m kanallar boylap uyimlasqan tu`rde shoq bolip jaylasqan. Xalqi rayonnin` orayinda jaylasqan bir posyolkaliq puxaralar jiyininda, 8 awilliq puxaralar jiyininda  jasaydi.
Bu`gingi ku`nde Qarao`zek rayoni boyinsha 5 sanaat karxanasi, 2 qurlis karxanasi, 2 transport ha`m baylanis karxanasi, 23 sawda karxanalari, 8 xaliqqa turmisliq xizmet ko`rsetiw karxanalari, 185 orinliq emlewxana, 11 awilliq emlew punkti, 13 feldsher akusherlik punkti, 3 ka`sip o`ner kolledji, 32 orta bilimlendiriw mektebi, 1 balalar sport mektebi, 9 mektepke shekemgi ta`rbiya orinlari, 1 kinoteatr, 5 kitapxana ha`m 1 dem aliw ma`deniyat bag`lari xaliqtin` ma`deniy turmis abadanlig`in asiriwda xizmet ko`rsetpekte.

Qarao`zek rayoninda O`zbekstang`a dan`qi shiqqan, ko`p miyneti sin`gen adamlar jasap ketken. Olardin` ishinde Qaraqalpaqstanda siyasiy uyimlardi birinshi du`ziwshilerden ha`m onin` oblast`liq komitetinin` en` da`slepki birinshi sekretari bolg`an Alliyar Dosnazarov, buring`i oraylasqan hu`kimettin` Joqarg`i Sovetinin` en` birinshi shaqirig`inin` birinshi deputati ataqli Stexanovshi paxtakesh Gulzira Artiqova usi rayonnan shiqqan. O`zbekstan Ilimler Akademiyasinin` akademigi, usi akademiyanin` Qaraqalpaqstan bo`liminin` baslig`i, ataqli ilimpaz Sabir Kamalov respublikamizdin` maqtanishi.

Filologiya ilimlerinin` doktori, ataqli jaziwshi, partiya ha`m ma`mleketlik isker Nawriz Japaqov, O`zbekstannin` Xamza atindag`i ma`mleketlik siylig`inin` laureati, ilimpaz, shayir Turdibay Mambetniyazov usi rayonnin` a`wladi Watandarliq uris da`wirinde ma`rtlik ko`rsetken jawinger, Sovetler Soyuzinin` Qaharmani Maqash Balmag`anbetov ha`m tag`i basqada hadal azamatlari menen rayonimiz maqtana aladi.

Rayon aymag`inda Miynet Qaharmani O`teniyaz Turimbetov, buring`i oraylasqan hu`kimet deputatlari, ataqli salikesh, mexanizator Amangul Xojalepesova, ataqli shopan Erxan Jienbaev, ma`mleketlik ordenlerdin` kavaleri uris ha`m miynet veterani, ataqli salikesh Turdimurat Orinbetov ha`m usilarg`a usag`an ko`plegen adamlar uzaq jillar eldin` abiroyi ha`m atag`i ushin xizmet etti ha`m xaliq arasinda hu`rmet penen tilge alinadi.

### 3.1. Xaliqqa meditsinaliq xizmet ko`rsetiwdi rawajlandiriw

Aral boyi regioninda jer ha`m suw resurslarinin` sapasi to`menlep eko-sistemanin` turaqlilig`i ha`m du`zilisi buzilip qorshag`an ortaliqtin` za`ha`rleniwi artip barmaqta. Aral regioninda ta`biyattin` digredatsiyag`a ushiraw protsessleri usi regionnin` sotsialliq-ekonomikaliq tarawlarinda krizislerdi quramalastiriwg`a sebepshi bolmaqta.

Bul krizisten en` birinshi ja`bir ko`rip atirg`an jergilikli xaliqlar, balalar, hayallar, kem ta`miyinlengen awil ha`m qala xaliqlari. Bul regionda buring`i awqam waqtinda jas balalardin` o`limi boyinsha (ha`r 1000 tuwilg`an baladan 75 bala), analardin` o`limi boyinsha (ha`r 1000 tuwiwg`a 120 bala) joqari ko`rsetkishlerge iye edi. Regionda kambag`alshiliqtin` joldaslari bolg`an awiriw tu`rleri - tuberkulyoz, infektsiyaliq ha`m parazitlik keselliklerden – paratif, tif, gepatit kesellikleri tarqalg`an. Bunday kesellikler a`sirese Qaraqalpaqstannin` awil ha`m qalalarinda aniq bayqaladi. Regionda awiriwlardin` ko`beywi qa`weterli tendentsiyalarg`a iye.

Ekologiyaliq apatshiliq epitsentrinde anemiya, bo`teke, bawir kesellikleri ko`beymekte. A`sirese qan kesellikleri rak, astma ha`m ju`rek qan tamiri

kesellikler tu`rleri ken` tarqalmaqta. Meditsinaliq izertlewlerdin` juwmag`ina qarag`anda bul awriwlardin` tu`rleri ha`m ko`beyip bariwi ekologiyaliq apatshiliqqa baylanisli ekenligin tastiyiqlaydi.

Bunday ekologiyaliq mashqalalar Qarao`zek rayoninin` xalqinin` ta`biyiy o`simine ku`shli ta`sir etip tuwiu jasindag`i analardin` kem qanliq anameya keselliklerine ha`m bir jasqa shekemgi balalar arasinda ha`r qiyli infektsiyaliq awiriwlardan qaza tawip atirg`ani o`kinishli ma`sele. Sonin` ushin rayon aymag`anda xaliqtin` den sawlig`in qog`aytug`in mekemeler xizmetin jaqsilaw menen oladin` materialliq bazalarin rawajlandiriw bas ma`sele bolip qalmaqta.

Meditsinaliq xizmet tu`rlerine ha`r qiyli emlew profilaktika mekemeleri orayliq rayon emlewxanasi awilliq bo`lim emlewxanalari juqpali kesellikler emlewxanalari dispanserler, emlew ambulatoriya poliklinikalari, stamatologiya poliklinikalari awillik vrachliq punktleri ha`m fel`dcher-akucherlik ambulatoriya kiredi. Xaliqtin` den sawlig`in saqlaw tiykarg`i ilajlardan sanalip bul ja`miyetimizdin` rawajlandiriwdag`i en` a`hmiyetli faktorlardan biri bolip esaplanadi.

Xaliqtin` salamatlig`i bul o`ndiriste miynet resurlardin` o`siwin ta`miynlewde miynet o`nimdarlig`inin` asiwina ha`m rayon ekonomikasinin` rawajlaniwina ku`shli ta`sir etedi. Xaliqtin` den sawlig`in saqlawda olardin` salamatlig`in tiklewde xaliqti ekologiyaliq taza ishimlik suwlari menen adam organizmine kerekli ratsiondag`i aziq-awkat o`nimleri menen tamiynlew en` basli waziypa bolip tabiladi.

Xaliqtin salamatlig`in tiklewge erisiw xaliqtin` jas o`zgesheliklerin esapqa alip emlewxanalardin` xaliqti emlew da`rejelerine baylanisli insan ham ta`biyat bir-biri menen tig`iz baylanista ja`miyettin` rawajlaniwin taminleydi. Jamiyettegi ta`biyiy resurslardan insanlardin` paydalaniwinda tiykarinan xaliq xojalig`inin` barliq tarawlarinda sirtqi ortaliqtin` ta`sirin baqlap barip insan salamatlig`ina qa`wipli ku`shlerdin` aldin aliwdi talap etedi. Bunday ahmiyetli mashqalalardi sheshiwde meditsina xizmetkerlerinin` jumislari tiykarg`i orindi iyeleydi.

Keyingi jillarda Aral ten`izi suwinin` quriwi na`tiyjesinde Aral boyi territoriyalarinda a`sirese Qaraqalpaqstan Respublikasi territoriyalari ekologiyaliq apatshiliq zonasinda jaylasqan. Bul payda bolg`an ekologiyaliq krizis Respublikanin` xaliq xojalig`i tarawlarina g`ana emes al bul jerde jasap atirg`an jergilikli xaliqtin` salamatlig`ina keri ta`sirin tiygizbekte.

Jergilikli xaliqtin` sotsialliq turmisinda ishimlik suwinin` sapasinin` to`menligi awil xojalig`i jerlerinin` kushli pataslaniwi ta`sirinde o`ndirilgen o`nimlerdin` quraminin` buziliwi klimat sharayatinin buziliwi shan`li du`bileyli ku`nlerdin` ko`beyip ketiwi qusag`an mashqalalar xaliqtin` den-sawlig`ina keri ta`siyrin tiygizip har qiyli keselliklerge duwshar etpekte.

Natiyjede xaliqtin` keselleniw da`rejesi O`zbekistan boyinsha basqa oblastlari ko`rsetkishlerinen a`dewuir darejede asip barmakta. Rayon xalqinin` salamatlig`in tiklewde bir orayliq emlewxana, 11 awilliq-vrachliq punktleri, 13 ambulatoriya poliklinika mekemeleri ha`m balalar poliklinikalari, 1 stomotologiya poliklinikasi xizmet ko`rsetpekte.

Bul meditsina ka`rxanalari xaliqtin` salamatlig`in tiklewde u`lken meditsinaliq tez ja`rdemlerin ko`rsetpekte. Bul emlewxanalar ha`m poliklinikalarda 66 vrach, 527 orta meditsina xizmetkerleri bolsa rayon orayindag`i emleuxana 185 orinliq xaliqti emlew mu`mkinshiligine iye.

**№6- keste**

**Qarao`zek rayoni xalqina meditsinaliq xizmet ko`rsetiw darejesi.***

| Barliq ko`rsetkishler | 1.01.2013-jil |
|---|---|
| Barliq emlewxanalar | 1 |
| Olardag`i koyka sani | 185 |
| Rayon orayliq emlewxana | 1 |
| Stamatologiya poliklinikasi | 2 |
| Awil vrachliq punktleri | 11 |
| Fel`dsher-akusher punktleri | 13 |
| Vrachlar sani. | 66 |
| Sonnan orta meditsina xizmetkerleri | 527 |
| Hayallar ha`m balalar poliklinikasi ambulatoriyalar maslahatxanalar. | 1 |

*Qarao`zek rayoni xakimiyati statistika basqarmasi mag`lumatlari 2010-2013 jillar.

Rayon xalqinin` emleniwi ushin ajiratilg`an koykalar sani har 10 min` adamg`a 37.9 koykadan  ha`m olardi emlewshi vrachlar 10 min` adamg`a 13,5 vrachtan, 36,6 orta meditsina xizmetkerleri tuwra keledi. Tablitsa mag`liumatlarin analizlesek jil dawaminda xaliq emleniwine ajiratilg`an koykalardin` sani ko`beymese de vrachlardin` sani 100.3  % ke  orta meditsina xizmetkerlerinin` sani 102.1 % ke ko`beygen.

Qarao`zek rayoninda xaliqtin` salamatlig`in tiklew boyinsha ko`plegen ilajlar islenbekte. Rayon xalqi arasinda ekologiyaliq jag`daylarg`a baylanisli ishimlik suwlarinin` paydalaniw, analar arasinda kem qanliq kesellikleri, SPID kesellikleri, tuberkulez kesselliklerinin` aldin aliw qusag`an profilaktikaliq ilajlar o`tkerilip barilmaqta.

Bul ilajlardan go`zlegen maxset barlig`imizdin` su`yenishimiz tayanshimiz bolg`an perzentlerimizdi ha`r ta`repleme salamat barkamal insanlar etip ta`rbiyalaw ma`mleketimiz keleshegin jaratatug`in  a`hmiyetli maselege qatan` juwapkershilik penen qarawdi talap etedi.

A`sirese awilliq jerlerde 8 awilliq puqaralar jiyininda 11 vrachliq punktleri 13 feldsher akusherlik punktlari xizmet ko`rsetedi. Ana ha`m balalar salamatlig`in rayon hayalarinin` 90 % ti meditsinalaq ko`rikten o`tkerilidi. Bunday ko`rikler eki qabat analardin` salamatlig`ina, kem qanliq kesselliklenine, yod jetispewshilikke qarsi da`ri darmanlar menen pulsiz ta`miynlewge 4 jasqa deyingi balalardin` sari awiriw ha`m  polimilit keselligine qarsi emlew jumislari alip barilmaqta.

Qiyin ekologiyaliq sharayatta jasap atirg`an xalqimizdin` salamatlig`in tiklew ha`m qorg`aw maqsetinde 143 balalar, 32 hayal qizlar Tashkent Samarxand Buxara Ferg`ana salamatliqti tiklew dem aliw orinlarina jiberildi.

Juwmaqlap atqanimizda rayon terrtoriyasinda xaliqtin` salamatlilig`in tiklewde meditsina xizmetinin` tu`rlerin rawajlandiriwda ko`plegen kemshilikler bar eknligi aniqlandi. Rayon orayi ha`m awilliq xojaliqlar orayinda emlewxanalardin` materalliq texnikaliq bazalari to`men  awirip barg`an adamlarg`a  diagnoz qoyatug`in bo`teke bawir asqazan isheklerdi tu`siretug`in EKG apparatlari  h.t.b zamanago`y meditsina qurallari jetispeydi. Bul aytilg`an kemshiliklerdi waqtinda

a`melge asirip xaliqtin` den-sawlig`in salamatlig`in tiklep rayon xalqinin` salamat abadan turmis keshiriwine jol ashqan bolamiz.

## 3.2. Xaliqqa bilimlendiriw xizmetlerin ko`rsetiwdi rawajlandiriw

Rayonnin` ekonomikaliq rawajlaniwinda ha`m onin` xaliq xojaliq tarmaqlarinin` jeterli kadrlar qaniygeler menen ta`miynlewde xaliq bilimlendiriw mekemelerinin` xizmeti a`hmiyetli. A`sirese awil-xojalig`i qa`niygelerin jetilistiriwde xaliq bilimlendiriw tarawlarinin` xizmeti u`lken.

Bul tarawlar du`zimine u`zliksiz bilimlendiriw bag`darindag`i uliwma bilimlendiriw mektepleri bala baqshalari mektepten tis mekemeleri ham ka`sip-o`ner kolledjleri kiredi.

«2004-2009-jillarda uliwma bilimlendiriw mekteplerin rawajlandiriwdin ma`mleketlik dasturi» qabil qilinip Qaraqalpakstan Respublikasi rayon ham qalalarinda jaylasqan uliwma bilimlendiriw mekteplerinin` imaratlarinin` jag`dayi olardin` materialliq texnikaliq bazalari menen ta`miynleniwi ha`m olarda bilim berip atirg`an oqitiwshi kadrlardi jetilistiriw qayta tayarlaw qaniygeliklerin jetilistiriw usag`an a`hmiyetli waziypalardi a`melge asirdi.

**№7-keste**

**Xaliq bilimlendiriw tarawlarindag`i oqiw-ta`rbiya mekemeleri (2013-jil 1-yanrvar)***

| Basli ko`rsetkishler | 1.01.2013-jil |
|---|---|
| Uliwma bilimlendiriw mektepleri | 32 |
| Oqiwshilar sani | 6373 |
| Oqitiwshilar sani | 1446 |
| Mektepten tis mektepler | 3 |
| Oqiwshilar sani | 791 |
| Ka`sip-o`ner kolledji talabalar sani<br>Talabalar sani | 3<br>1442 |
| Ustaz oqitiwshilar sani | 151 |
| Mektepke shekemgi bala baqshalar sani<br>tarbiyalaniwshilar sani | 9<br>530 |
| Ta`rbiyashilar sani | 93 |

*Qarao`zek rayoni xakimiyati statistika basqarmasi mag`lumatlari 2010-2013 jillar.

Keste mag`liumatlarina qarap xaliqtin` ta`biyiy ko`beyiwine baylanisli xaliq bilimlendiriw mekemelerinde tarbiyalaniwshilar sani rayon xalqin` 18,6% tin qurap jil sayin ko`beyiuge erispekte.

2013-jilg`a kelip Qarao`zek rayoninda 32 uliwma bilimlendiriw mektepleri, 9 mektepke shekemgi bala-baqshalari, 3 mektepten tis mekemeler, 3 ka`sip-o`ner kolledjlerinde 9136 oqiwshi jaslar xa`m bala baqsha balalari ta`rbiyalanip olarg`a 1780 ustaz murrabiyler ham tarbiyashilar xizmet qilmaqta.

Rayonda 1-6 jas aralig`indag`i o`spirimlerdin` sani 5800 bolsa rayondag`i 9 bala baqshalarinda 530 bala ta`rbiyalanbaqta balalardin` baqshalarg`a jaylasiui 9,1% ti quraydi. Bul maselede rayon ma`kan-puqaralar jiyinlarinda kishi tipovoy bala baqshalardi kuriwdi talap etedi. Rayonda uliwma bilim beretug`in 32 mektep bolsa sonnan 5 baslang`ish mektep, 7 toliqsiz orta ha`m 20 mektep orta bilimlendiriw mektepleri esaplanadi.

Bul mektepler 6373 den aslam oqiwshilarg`a 1446 oqitiwshi okiu –tarbiya jumislarin alip barmaqta. Ha`zirgi waqitta rayon mekteplerinin` oqiwshilardi qamraw quwatlilig`i 5940 oqiwshi ornina ten` bolsada xa`zirgi ku`nde bul mekteplerde 6373 oqiwshilar oqip ta`rbiyalanip atir. Oqiw jaylarinin` 14 mektebi zamanago`y tipte 18 mektebi maslastirilg`an mekteplerde kapital rekonstruktsiya jumislari alip barilmaqta.

Mekteplerde oqiw tili qaraqalpaq, qazaq ha`m rus tillerinde alip bariladi. Rayon mekteplerinin` ishimlik suwlari menen ta`miynleniwi 58 % ke, gaz benen ta`miynlewi 63 % ke, baylans telefonlari menen 87 % ke, asxanalar menen ta`miynlewi 43 % ke aktiv zallari menen ta`miynlewi 64 % ke kitapxanalar menen ta`miynlewi 86 % ke orinlang`an.

Qarao`zek rayoni awil xojalig`ina qaniygeleskenlikten ha`m rayon xalqinin` 69,4 % ti awilliq jerlerde jaylasiwi sebepli awilliq jerler xojaliqlari oraylarinda posyolkalarda awil xojalig`i qa`niygelerin jetistiretug`in awil xojaliq kasip-o`ner kolledji 384 har qiyli awil xojalig`i qaniygelerin tayarlasa, Qarao`zek Agro sanaat kasip-o`ner kolledji 299 har kiyli agro sanaat qaniygelerin tayarlap shig`armaqta.

Bunnan basqa sanaat turmis ham servis xizmetleri qaniygeliklerin tayarlawda Ekonomikaliq turmis xizmeti kasip-o`ner kolledji ha`r jili 759 ekonomikaliq turmis xizmeti qaniygelerin jetistirip bermekte.

Solay etip rayon xalqin bilimlendiriw mekemelerinin xizmetlerin ha`m olarda har jili tayarlanip atirg`an oqiwshi jaslar ka`sip iyeleri yag`niy tayar qaniygeler sanaat awil-xojalig`i qurilis ha`m xizmet ko`rsetiwshi tarawlarda pida`kerlik penen miynet etse rayonnin` ekonomikaliq rawajlaniwina sonin` menen o`zlerinin` turmis abadanlig`inin` artiwina jol ashadi.

## 3.3. Xaliqqa sawda xa`m awxatlaniw xizmetlerin ko`rsetiwdi rawajlandiriw

Rayon xalqina sawda ha`m uliwma awqatlaniw xizmetinin` tu`rlerine xaliqqa puli xizmet tu`rlerinen aziq awqat o`nimleri du`kanlari, sanaat ha`m qurilis materiallari du`kanlari, super ha`m mini marketler, u`y buyimlarin satiwshi du`kanlar, shayxanalar, asqana, kafeler menen xaliqtin` awil xojaliq o`nimlerin satatug`in bazarlari kiredi.

Rayon territoriyasinda xaliqqa puli xizmet ko`rsetetug`in 23 ma`mleketlik emes karxanalari is ju`rgizip olardin` jilliq tovar aylanisi 8110,6 mln sumg`a arttirildi. O`tken jilg`a salistirg`anda tovar aylanisi 135.7 % ke ko`beygen xaliqqa sawda xizmeti o`zine ta`n qanigelesken o`zgerislerge iye bolip xaliq xojalig`inda islep shig`arilg`an o`nimlerdi xaliqqa puli jetkerip beriwden ibarat.

Eger sawdalar mamleketler arasinda ju`rgizilse koperativ ha`m bazar sawdasi ta`repinen a`melge asiriladi. Rayon aymag`inda ma`mleketke qarasli du`kanlardin` waziypalari qala ha`m awil xalqina tutiniwg`a tayar o`nimlerdi jetkerip beriw bolsa, kooperativ yamasa jeke menshik magazinleri awil ha`m qala xalqina za`ru`r tutiniw tovarlarin jetkerip beriwden ibarat. Rayon orayinda bir diyxan bazari bir mal bazari xizmet ko`rsetpekte.

Diyxan bazarinda xaliqtin` jeke uchastkalarinda o`ndirilgen o`nimlerdi satiw menen shug`illansa, mal bazarlari xaliqtin` menshik mallarin satiw pullaw

xizmetin atqaradi. Sawda xizmetine jeke mu`likshiliktin` qa`liplesiwi na`tijesinde ko`pshilik kooperativlik sawda orinlari xaliqtin` jeke menshiklerine berildi.

Rayon aymag`inda 34 aziq - awxat o`nimlerin satatug`in du`kanlar, 4 sanaat mallarin satiwshi magazinler, 4 go`sh o`nimlerin satatug`in shaqapshalar, 5 nanbayxana, 8 awqatlaniw ushin xizmet etetug`in asxanalar 3 shayxana xaliqqa sawda ha`m awxatlaniw xizmetin ko`rsetpekte.

Rayonda jetilistirletug`in xaliqtin` ku`ndelikli za`ru`r tutiniw tovarlarin normativ boyinsha bo`listirgenimizde biyday o`nimleri menen oraylasqan derekler esabinan 2110 tonna jetkerilip xaliqtin` jan basina bo`listirgende 76.8 kg quraydi. Al qalg`an gu`rish, o`simlik mayi, qant xojaliq sabin o`nimleri menen toliq taminlenbegen.

Rayon xalqi awil xojalig`ina qanigelesken bolsa da xaliqtin` jan basina za`ru`r mallardan ovosh paliz, miywe ha`m ju`zim o`nimleri xaliqtin` talabinan kem o`ndiriledi. Sog`an baylanisli rayon xalqin aziq-awxat o`nimleri menen talabin qandiriw maxsetinde 43 mln sumlik xaliq tutiniw tovarlari satip alinbaqta.

Xaliqqa sawda ham awqatlaniw xizmetin rawajlandiriwda ko`plegen mashqalalar bar ekeni aniqlandi. Sonin` ishinde xaliqtin` uliwma saninan 69,4 % ti jaylasqan awilliq jerlerde rayon sawda mekemelerinin` 26 % ti jaylasqan.

Awilliq jerlerdin` awillarinda aziq awxat magazinleri menen toliq ta`miylenbegen. Fermer xojaliqlari oraylarinda bir aziq awxat magazinleri xaliqqa xizmet etpekte.

Qoybaq xojaliq birlespesinde 231 xojaliqta 1381 adam jasasada bul jerde birde xaliqtin` kundelikli aziq awxat o`nimlerin satatug`in magazanleri qurilmag`an, Esimo`zek xojalig`inin` birlespesinde 364 xojalig`inda 2334 adam jasaydi biraq birde xaliqtin` kundelikli aziq awxat o`nimlerin satatug`in magazinleri qurilmag`an. Demek xojaliq birlespeleri oraylarinda uy-jay xojaliq buyimlari, sanaat mallarin satiw orinlari menen ta`miynlense xaliqtin` kundelikli tutiniw mallarin satip aliw ushin rayon orayina yamasa qala orayina kelip ketiwinin` aldi alinar edi.

Bunnan basqa xojaliq birlespelerinde kishi diyxan bazarlarin jolg`a qoyilsa awil xalqinin` o`zleri jetistiretug`in o`nimlerin usi bazarda satiw yamasa almastiriw xizmetin qanaatlandirir edi.

### 3.4. Xaliqqa ma`deniy ko`rkem o`ner xizmet ko`rsetiwdi rawajlandiriw

Xaliqtin` ma`deniy ha`m ko`rkem o`ner talaplarina  xizmet ko`rsetetug`in mekemelerge ha`r qiyli tamasha ko`rsetetug`in sho`lkemler xizmeti, muzika ko`rkem o`ner xizmeti ha`m xareogrfiya mektepleri xizmeti, ma`deniy dem alis bag`lari, klub sho`lkemleri, kitapxanalar ha`m basqada ma`deniy xizmet turleri kiredi.

Xaliqtin` ruwxiy ha`m ma`deniy dem aliwina, rawajlaniwina ma`deniyat ha`m ko`rkem o`ner, muzika sanaat turlerinin` roli u`lken.  Ma`deniyat bul ko`p tarmaqli taraw bolip og`an kino, teatr tamashalarin ko`rsetiw, spektakl`, p`essalardi qoyiw, tsirk tamashalari, muzey ha`m ko`rgizbeler, ayaq oyin kesheleri, teatrlastirig`an bayramlar, xaliq seyilleri, karnoballar, kontsert, diskoteka, attraktsionlardan paydalaniw xaywanat bag`i xizmetleri kiredi.

Bul taraw xizmetinde xaliqtin` ma`deniy an`in ko`teriwde ha`m ruwxiy baylig`in bekkemlewde tiykarg`i waziypalardi atqaradi. Xalqimiz o`z g`a`rezsizligin alg`annan keyin ma`deniy o`tmishinde bay tariyxiy miyraslarg`a ma`deniy qadiriyatlar ha`m da`stu`rlerge bolg`an qatnaslar tu`pten o`zgerdi.

Ma`mleket basshimizdin` «Joqari ma`naviyat-jen`ilmes ku`sh» kitabinda aytqaninday insandi ruwxiy du`nyasin pa`kleytug`in, adamnin` ishki du`n`yasin, erkin, iymanin pu`tin qilatug`in, xu`jdanin oyatatug`in tawsilmas ku`sh ma`diniyatqa en` basli bag`darlardan biri sipatinda itibar qaratildi.

Eski du`zim da`wirinde milletimiz ha`m xalqimizdi kemsitiwshi tariyxiy xaqiyqatlar tiklendi. Milliy bayramlar ha`m u`rip a`detler buring`i halina keltirildi. G`a`rezsizlik jillarinda ruwxiyliq ha`m ag`artiwshiliq jumislarinin` jan`a da`wir talabina say quramalasqan du`zimi qa`liplestirildi. Ju`zlep muzeyler, ma`deniyat u`yleri ha`m saraylari, axborot resurs oraylari, ma`deniyat ha`m dem aliw bag`lari,

uliwma xaliqliq mekeme sho`lkemler sipatinda watanlaslarimizg`a ruwxiy ha`m ag`artiwshiliq xizmeti ko`rsetile basladi.

Respublikamizda «Ruwxiyliq ha`m ag`artiwshiliq orayi» du`zildi. Onin` rayonlar ha`m qalalardag`i bo`limleri iske tu`sirildi. O`zbekistan Respublikasi Prezdentinin` 2009-jil 24- avgusttag`i «Milliy ideyalardi rawajlandiriw ha`m ruwxiy ag`artiwshiliq jumislarinin` o`nimdarlig`in asiriw» haqqindag`i qararina muwapiq respublika ruwxiyliq ha`m ag`artiwshiliq ken`esinin` iskerligi quram du`zilisi qayta ko`rip shig`ildi.

Rayonlarda ma`ha`lle aqsaqallari ha`m puqaralar jiyinlari basliqlarinin` ruwxiy ha`m ag`artiwshiliq isleri boyinsha ma`sla`ha`tshileri du`zilisi qa`liplesti. Qarao`zek rayoninda ruwxiyliq ha`m ag`artiwshiliq jumislarin rawajlandiriw onin` o`nimdarlig`in asiriw barisinda bir qatar unamli ilajlar a`melge asirildi.

Rayonda jumis islep turg`an ruwhiyliq-ag`artiwshiliq mekemeleri qatnasinda u`lken xaliq seyilleri zu`ra`a`t bayramlari «G`a`rezsizlik» «Nawriz» bayramlari artistler, ayaq oyinshilar arsinda ko`rik tanlawlar «O`zbekistan watanim menin`» «Keleshek hawazi» ko`rik tanlawlari o`tkerilip barilmaqta.

Qarao`zek rayoninda O`zbekstang`a dan`qi shiqqan, ko`p miyneti sin`gen adamlar jasap ketken. Olardin` ishinde Qaraqalpaqstanda siyasiy uyimlardi birinshi du`ziwshilerden ha`m onin` oblast`liq komitetinin` en` da`slepki birinshi sekretari bolg`an Alliyar Dosnazarov, buring`i oraylasqan hu`kimettin` Joqarg`i Sovetinin` en` birinshi shaqirig`inin` birinshi deputati ataqli Stexanovshi paxtakesh Gulzira Artiqova usi rayonnan shiqqan. O`zbekstan Ilimler Akademiyasinin` akademigi, usi akademiyanin` Qaraqalpaqstan bo`liminin` baslig`i, ataqli ilimpaz Sabir Kamalov respublikamizdin` maqtanishi. Filologiya ilimlerinin` doktori, ataqli jaziwshi, partiya ha`m ma`mleketlik isker Nawriz Japaqov, O`zbekstannin` Xamza atindag`i ma`mleketlik siylig`inin` laureati, ilimpaz, shayir Turdibay Mambetniyazov usi rayonnin` a`wladi Watandarliq uris da`wirinde ma`rtlik ko`rsetken jawinger, Sovetler Soyuzinin` Qaharmani Maqash Balmag`anbetov ha`m tag`i basqada hadal azamatlari menen rayonimiz maqtana aladi.

Rayon aymag`inda Miynet Qaharmani O`teniyaz Turimbetov, buring`i oraylasqan hu`kimet deputatlari, ataqli salikesh, mexanizator Amangul Xojalepesova, ataqli shopan Erxan Jienbaev, ma`mleketlik ordenlerdin` kavaleri uris ha`m miynet veterani, ataqli salikesh Turdimurat Orinbetov ha`m usilarg`a usag`an ko`plegen adamlar uzaq jillar eldin` abiroyi ha`m atag`i ushin xizmet etti ha`m xaliq arasinda hu`rmet penen tilge alinadi ha`m olardin` omir jollari mudami jaslarg`a o`raek sipatinda u`yretilip bariladi.

Xa`zirgi waqitta rayon xalqi arasinda ruwxiyliq ha`m ag`artiwshiliq ma`deniy xizmetlerin ko`rsetetug`in 2 klub mekemeleri, 5 uliwma ha`m balalar kitapxanalari, 1 balalar muzika mektepleri islep tur. Rayondag`i ruwxiyliq – ag`artiwshiliq sho`lkemleri ja`miyette o`zine ta`n orindi tutip, a`sirese ma`mlekette a`melge asirilip atirg`an ekonomikaliq, sotsialliq siyasiy reformalardi xaliq arasinda tu`sindiriw jumislarin alip bariwda a`hmiyetke iye.

**№8-Keste**

**Rayon xalqina ma`deniy, ruwxiyliq ha`m ag`artiwshiliq xizmetin ko`rsetetug`in mekemeler haqqinda mag`lumat.***

| Ko`rsetkishler | 2O11 jil | 1.01.2O13 jil |
|---|---|---|
| Uliwma xaliq ushin ha`m balalar kitapxanalari | 5 | 5 |
| Olardag`i kitap sani | 183600 | 183600 |
| Klub mekemeleri | 2 | 2 |
| Olardag`i krujoklar sani | 7 | 8 |
| Krujokqa qatnasatug`inlar | 746 | 815 |
| Muzeyler | - | - |
| Kinoteatrlar | - | - |
| Kino qurilmalar | _-__ | - |
| Balalar muzika mektebi | 1 | 1 |

*Qarao`zek rayoni xakimiyati statistika basqarmasi mag`lumatlari 2010-2013 jillar.

Tablitsa mag`lumatlarina qarag`anda rayon xalqina ma`deniy, ruwxiyliq ha`m ag`artiwshiliq xizmetin ko`rsetetug`in derlik mekemeler joqtin qasinda. Rayonda 2 klub mekemeleri xizmet ko`rsetip tiykarinan ol jerde krujoklarda ha`r qiyli ko`rkem o`ner muzika, u`y buyimlarin on`law, tiginshilik, shet tillerin u`yreniw, shaxmat shashka ha`m sport oyini krujoklarina 815 oqiwshi qatnasip atir. Uliwma xaliqlar ha`m balalar ushin 5 kitapxana xizmet ko`rsetip olardin`

ko`pshiligi uliwma bilimlendiriw mekteplerinde, kolledj, litseyler janindag`i kitapxanalar esaplanadi.

Solay etip rayon xalqina ma`deniy ha`m ruwxiy ag`artiwshiliq xizmetlerin ko`rsetetug`in mekeme sho`lkemlerdin` jumislarinda biraz kemshiliklerdin` bar ekenligin aniqladim. Misali: Qarao`zek rayoninin` en` basli awilliq puxaralar jiyinlarinda Qarako`l APJ da 5041 xaliq, Berdax APJ da 5313 xaliq, Qarabug`a APJ da 4389 xaliq jasasada bul jerde xaliqtin` dem aliwina xizmet ko`rsetetug`in birde kinoteatr, xareografiya do`gerekleri, u`lke taniw muzeyleri, a`sirese jaslar ushin ma`deniy dem alislarin sho`lkemlestiretug`in, kontsert ko`rsetiwshi birde ma`deniyat saraylari ha`m diskoteka maydanshalari joq.

Bunnan basqa xaliq arasinda ruwxiy ag`artiwshiliq jumislarin alip baratug`in hakimiyat janindag`i bo`limnen basqa hesh bir orinda sho`lkem yamasa mekemeler du`zilmegen. Bul kemshiliklerdi saplastiriw jergilikli xaliqtin` qolinan kelmeydi sol rayon xalqinin`da rayondi sotsial ekonomikaliq rawajlandiriw bo`liminin` jilliq is rejelerdi du`zip olardi qarjilandiriw dereklerin tabiw za`ru`r.

### 3.5. Xaliqqa turaq jay ha`m kommunal xizmetlerin ko`rsetiwdi rawajlandiriw

Xaliqti turaq jay menen ha`m kommunal xizmetin ko`rsetiw tu`rlerine xaliqtin` ku`ndelikli jasaytug`in jaylarin quriw, remontlaw, jataqxana xizmeti, u`ylerdin` sanitarialiq tazalig`in saqlaw, kanalizatsiya xizmeti, xaliqtin` ishimlik suwi menen ta`minlew, issi suw ta`biyg`iy gaz benen ta`minlew, u`ylerdi isitiw xizmetleri kiredi.

Rayon aymag`inda qurilis ka`rxanalari sani to`rtew sonnan 2 juwapkershiligi sheklengen ja`miyet sho`lkemi bolip birewi ja`miyetlik ijarali karxanasi, birewi ijaradag`i karxanalar esaplanadi. Bunnan basqa 2 jeke qurilis karxanalari xaliqti turaq jay qurilisi menen ta`minlewde qatnaspaqta. Keyingi jillarda rayon aymag`inda xaliqti turaq jay ha`m kommunal xizmetlerine xizmet ko`rsetetug`in ma`mleketlik xojaliq trestleri, PMK-lar u`y jay kombinatlari bankrotlig`i sebebinen jabilip qaldi.

**№9-Keste**

**Rayon kapital qurilista iske tu`siriw derekleri.***

| Basli ko`rsetkishler | 2O11 jil | 1.01.2O13 jil |
|---|---|---|
| 1.Qurilis karxanalari ja`mi sonnan | 4 | 4 |
| -davlat karxanalari | - | - |
| Shirketler | - | - |
| -juwapkershiligi sheklengen ja`miyet | 2 | 2 |
| Shirketler | 1 | 1 |
| -ja`miyet ijara karxanalari | 1 | 1 |
| 2..Qurilis trestlari | - | - |
| 3.Arnawli qurilis kaxanalari | - | - |
| 4.Islewshiler sani | 112 | 112 |
| 5.Xaliqti turaq jay menen ta`minlew | 17,2 | 17,2 |
| 6. Xaliqti ishimlik suwi menen ta`minlew | 76,3 | 80,2 |
| 7.Xaliqti ta`biyiy gaz menen ta`minlew | 95,2 | 96 |

*Qarao`zek rayoni xakimiyati statistika basqarmasi mag`lumatlari 2010-2013 jillar.

Keste mag`liwmatlarin qarap o`tsek 2013 jilg`a kelip xaliqti turaq jay qurilisi menen ta`minleytug`in 4 qurilis ka`rxanalarinan 2 ewi juwapkershiligi sheklengen ja`miyet, birewi ja`miyetlik ijaradag`i karxanasi, birewi ijaradag`i karxanalar esaplanadi .

Bunnan basqa rayonda 2 arnawli qurilis karxanalari xizmet ko`rsetpekte. Qurilis trestleri xaliq xojalig`inda mu`lkshilikti qa`liplestiriw maxsetinde ma`mleketlik sektordag`i ka`rxanalar juwapkershiligi sheklengen ja`miyetlerge aylandirildi. Bul karxanalarda jumisshilardin` sani 112 adamg`a ten`. 2013 jillarda rayon aymag`inda sotsialliq ma`deniy xa`m turaq jay ob`ektlerin iske tu`siriwde 1046 orinliq taza bir uliwma bilimlendiriw mektebi pitkerilip paydalaniwg`a tapsirildi**.**

**10-Keste**

**Xaliqtin` turaq jaylarin paydalaniwg`a tapsiriw xaqqinda derekler(min` kv. metr)***

| **Basli ko`rsetkishler** | **2011 jil min` m$^2$** | **2013 jil min` m$^2$** | **2011 jil % 2013** |
|---|---|---|---|
| Turaq jaylardi tapsiriw ma`mleket esabinan karxana tashkilotlari | - | - | - |
| Jeke ta`rtipte jay quriw xaliqtin` da`ramatlari esabinan | 4,2 | 4,8 | 114,2 |

*Qarao`zek rayoni xakimiyati statistika basqarmasi mag`lumatlari 2010-2013 jillar.

Keste mag`liwmatlarina qarag`animizda xaliqti turaq jaylar menen ta`minlew ma`mleketlik qurilis ka`rxanalari ja`rdeminde emes al xaliqtin` jeke ta`rtiptegi jay quriw daramatlari esabinan 2013 jili 123 min` m turaq jaylardi o`zleri qurip paydalang`an. Rayon xalqin turaq jay qurilis xizmetleri menen ta`minlewdi xaliqtin` talabina toliq juwap berilmeydi.

O`zbekistan Respublikasi Prezdentinin` 2008 jil dekabrdegi PF- 4023 qarari esabinan rayonda 2009 jil – «Awildi rawajlandiriw ha`m abadanlastiriw jili» dep belgileniwi menen ma`mleketlik da`stu`rlerin a`melge asiriwdin` sho`lkemlestiriw ilajlarin islep shiqti. Bul ilajlardi a`melge asiriw maqsetinde «Awildi rawajlandiriw xa`m abadanlastiriw jili» ma`mleketlik da`stu`ri O`zbekistan Respublikasi Prezdentinin` 2009 jil 26 yanvardag`i PK- 1046 sanli qarari tiykarinda ku`shke kiritildi.

Usi ma`mleketlik da`stu`rde rayon awil-xojalig`inin` a`hmiyetli rawajlaniw bag`darlari, konkret parametirleri xa`m qarji derekleri belgilep alindi. Awillarimiz kelbetin qalalar kelbetine keltiriw, awillarda mazmunli turmis sipatlarin engiziw maqsetinde awilliq jerlerden 14 zamanago`y tiptegi xaliq jasaw ushin qolayli u`ylerdi qurilip tapsirildi.

Awil xojaliq turaq jaylar xizmetin sho`lkemlestiriwde qurilis jumislarin orinlaw maqsetinde 2013 jilg`i kapital qurilislar 2011 jilg`a salistirg`anda 328,2% ke o`sip 18229 mln sumdi quradi.

**№11-Keste**

**Rayonda kapital qarjilandiriw du`zilisi (mln sum)***

| Basli ko`rsetkishler | 2011 jil | 2013 jil | 2011 jil % 2013 jiliga |
|---|---|---|---|
| 1. Kapital jamg`armalar ja`mi | 4940,4 | 18229 | 328,2 |
| Ma`mleketlik ka`rxanalar esabinan oraylastirilg`an investitsiyalar | 1234,5 | 1540,0 | 124,7 |
| Ja`miyetlik xojaliqlar oraylastirilg`an investitsiyalar | 2389,3 | 4414,2 | 184,7 |
| Xaliqtin` qarjilari esabinan | 448,9 | 1123,6 | 250,3 |
| 2.O`ndiris ob`ektlerinde | 1816,5 | 1681 | 92,6 |
| O`ndirislik emes ob`ektlerinde | 3123,9 | 15548 | 497,7 |

*Qarao`zek rayoni xakimiyati statistika basqarmasi mag`lumatlari 2010-2013 jillar.

Keste mag`liwmatlarina qarag`anda rayondag`i ma`mleketlik ka`rxanalar esabinan 1540,0 mln sum kapital quyilmalari a`melge asirilip 2011 jilg`a salistirg`anda 124,7 % ke ko`beygen.

Kapital quyilmalardin` mug`dari rayonda xaliq qarjilari esabinan bir jil ishinde 2,5 esege o`ndirislik emes ob`ektlerde 96,2 % ke kemeygen. Rayonda jergilikli xaliqqa turaq jay qurilis jumislarin orinlaw  ha`m ta`miynlew barisinda olardi qarajet resurslari menen ta`miynlewde jeterli itibar berilmey olarda  iske asiriwshi mexanizmler duris jolg`a qoyilmay atir.

Rayon ekonomikasinin` xaliqqa kommunal xizmetin ko`rsetetug`in xaliqti taza ishimlik suw xa`m ta`biyiy gaz benen ta`miynlew elektr energiyasi menen ta`miynleytug`in 16 karxana ha`m sho`lkemler xizmet ko`rsetpekte.

Rayon xalqin suw menen ta`miynlewde Tuyemoyin-No`kis-Taxtako`pir suw qubirina tutastirilg`an rayon aymag`inda xaliqti taza ishimlik suwlari menen ta`miynlewde Tuyemoyin aqaba suw jetkiziwshi bo`limleri xizmet ko`rsetpekte.

Rayon xalqin ta`biyiy gaz menen ta`miynlewde rayon territoriyasi arqali o`tetug`in Orta Aziya- Ural_Orta Aziya orayliq gaz qubiri ulken rol oynaydi. Rayon xalqin gaz o`nimleri menen ta`miynlewde 24 km gaz trubalari tartilip xaliqqa paydalaniwg`a tapsirildi. Rayon kommunal xojaliqlarinin` gazlastiriwda xaliqtin` sotsialliq rawajlaniwinda u`lken orindi tutadi. Bul islengen jumislardin` na`tiyjesinde rayon xalqinin` 96 % gaz menen ta`miynlengen.

Rayon xalqinin` ishimlik suwlari menen ta`miynlewde awil xojaliq ha`m suw basqarma mekemeleri Qarao`zek rayoni orayinda «Qaraqalpaq aqaba suw» tarmaqlari filiallari xizmet ko`rsetpekte.

Rayonda jeke ta`rtipte du`zilgen jeke karxanalar xaliqtin` ku`ndelikli kommunal xizmetlerin, ishimlik suw qubirlarin, kanalizatsiya, elektr energiya liniyalarin on`law ha`m olardin` sapasin asiriw maxsetinde mudami pidayi xizmetlerin ko`rsetpekte.

## 3.6. Xaliqqa transport xa`m baylanis xizmetlerin ko`rsetiwdi rawajlandiriw

Qarao`zek rayoninin` ekonomikasinin` rawajlaniwinda ha`m xaliqtin` sotsialliq turmis ta`rizin joqarilatiwda transport xa`m baylanis xizmetleri a`hmiyetli orindi iyeleydi. Qarao`zek rayoni geografiyaliq jaylasiw orni boyinsha No`kistin` arqa ta`repinde 82 km qashiqliqta jaylasqan. Rayon aymag`inan paytaxt No`kis qalasi menen qon`silas Shimbay qalasinan Taxtako`pir rayonlarina o`tetug`in asfal`t jol liniyalari kesip o`tip ha`r qiyli xaliq xojaliqlari o`nimlerin ha`m jolawshilardi tasiwda paydalanilmaqta.

Xaliqqa transport xizmetin ko`rsetiwdin` tu`rlerine avtomobil transportinda jolawshilardi tasiw, qala elektr transportinda jolawshi tasiw, puli transport xizmetin ko`rsetiw kiredi. Baylanis xizmetin ko`rsetiwdin` tu`rlerine pochta, telegraf (xat, banderol, posilka,pul o`tkeriw, telegramma) telefon xizmeti (xaliq araliq, qala araliq so`ylesiwler, miymanxana ha`m jeke kvartiralardag`i telefon xizmeti, telefon avtomatlar) kiredi.

Avtomobil` transporti arqali Respublikamizdin` paytaxti No`kis qalasi menen Qarao`zektin` arasinda qatnas ornatilg`an. Qarao`zek ha`m onin` xojaliqlarina tiyisli sanaat tarawlari temir jol arqali Shimbay rayoninan tasiydi. Qarao`zek rayoni xojaliqlarina tiyisli awil xojaliq texnikalarin u`skenelerdi, neft` o`nimlerin, ko`mirdi, ag`ash ha`m basqa qurilis materiallarin, g`a`lle ha`m undi avtomobil` Shimbay rayoninan tasiydi. O`zinin` awil xojaliq o`nimlerinin` ko`bisin Shimbayg`a ha`m No`kiske avtomobil` arqali jiberedi. Juk tasiytug`in avtobaza islep turipti. Jolaushi tasiwda avtobuslardi paydalanadi. Ha`r ku`ni No`kis-Qarao`zek arasinda 2 reys ornatilg`an. Budan basqa Qarao`zek-SHimbay, Qarao`zek-Taxtako`pir arasinda avtobuslar udayi qatnap turadi. Rayon orayinan barliq xojaliqlardin` oraylarina asfa`lt jollar saling`an, jolawshilardi avtobus benen o`z ma`nzillerine jetkizedi .

Rayonda transport tarmaqlari xojaliqlarinda o`ndirilgen o`nimlerdi sirtqa shig`ariwda ha`m kersinshe shetten alip kelinetug`in ha`r qiyli xojaliq ju`klerin alip keliwde a`hmiyetli orindi iyeleydi. Xaliqqa puli xizmet ko`rsetiw menen birge ju`k

transport menen tu`rli texnologiya ha`r qiyli mashinalar ha`m u`skeneler, janilg`i mineral to`ginler, qurilis materiallari soday aq aziq awxat o`nimlerin, gezlemeler, u`y buyimlari, radio elektrotexnika o`nimleri tasip alip kelinedi.

**№12-Keste**

**Qarao`zek rayoninda xaliqqa transport ha`m baylanis xizmetin ko`rsetiwdin` basli ko`rsetkishleri.***

| Ko`rsetkishler | 2008 jil | 2010 jil | 2010j 2008j salistirganda % esabinda |
|---|---|---|---|
| 1.Avtokarxanalar sani<br>Jumisshilar sani. (adam)<br>Avtobuslar sani, (dana)<br>Ju`k avtomobilleri (dana) | 1<br>34<br>8<br>9 | 1<br>34<br>8<br>9 | 100,0<br>100,0<br>100,0<br>100,0 |
| 2.Elektr ha`m telefon stantsiya baylanis tarmaqlari<br>Quwatlilig`i (montaj qiling`an kabel` nomer) | 9<br>1285 | 9<br>1285 | 100,0<br>100,0 |
| 3. Pochta baylanisi<br>Pochta baylanis uzeli sani<br>Pochta baylanis bo`limleri sani<br>Isleytug`in adamlar sani | <br>1<br>8<br>32 | <br>1<br>8<br>32 | <br>100,0<br>100,0<br>100,0 |
| 4. Baylanis xizmetinen tu`sken daramat mln sum | 180,7 | 204,5 | 113,1 |

*Qarao`zek rayoni xakimiyati statistika basqarmasi mag`lumatlari 2010-2012 jillar.

Rayon aymag`inda avtoxarxanalar sani 1 ewi bolip olarda 8 avtobus ha`m 9 ju`k avtomashinalari xizmet ko`rsetpekte. Avtobuslar ha`r ku`ni Qarao`zek rayoninin` ishindegi xojaliqlardan ha`m kon`si rayonlar menen No`kis qalasinan jolawshilardi tasip pulli xizmet ko`rsetpekte. Ju`k avtomobilleri xaliq xojalig`inin` ju`kleri menen xaliqtin` turmis za`ru`rligine xizmet ko`rsetpekte.

Qarao`zek rayoninda elektr baylanis ha`m pochta baylanisi rayondi basqa rayonlar menen baylanis xizmetlerin atqarmaqta, Orta Aziya ma`mleketleri, GMDA elleri menen baylanis alip bariwda u`lken a`hmiyetke iye. № 8 tablitsa mag`lumatlarina qarasaq rayon territoriyasinda 1 ATS bolip olardin` siyimlilig`i

1285 nomerdi qurap, rayon xalqinin` 1090 abonentlerine mekeme ha`m kvartiralarinda telefon baylanis xizmeti ko`rsetilmekte.

Telefon kabellerin montajlawda ha`zirgi zamanago`y sipatli texnologiyalardan paydalanilmaqta. Baylanis xizmetinen tu`sken daramat 2012 jili 204,5 mln sumdi quradi. Xaliqqa tarqatilg`an gazeta ha`m jurnallar 1,1 min` dana, posilkalar 0,3 mln dana, pul otkezilmeleri 0,23 min` dana, telegrammalar 0,01 min` danag`a jetti.

Qaraqalpaq pochtasi aktsionerlik kompaniyasi Qarao`zek rayoni bo`limi xaliqqa pochta xizmetin ko`rsetiwde 32 adam jumis islemekte. Rayon orayinda bir, al qalg`an xojaliqlarda 8 pochta baylanis bo`limlerni bolip olardag`i jumisshilar xaliqtin` pul jiberiwin qabil qiliw ha`m tarqatiw, redaktsiyadan shiqqan gazeta jurnallardi, xat xabarlardi, posilka telegrammalardi jo`neltiwde xizmet qiladi.

Xaliq arasindag`i pensionerlerdin` pensiyalarin tarqatiwg`a, ha`m xaliqtan kommunal xizmeti to`lemlerin o`ndiriwdey qosimsha waziypalardi atqaradi.

Juwmaqlap aytqanimizda Qarao`zek rayoninda xaliqqa transport ha`m baylanis xizmetin ko`rsetiwde jetiskenlikler menen birgelikte kemshilikler jeterli ekenligi aniqlandi.

Misili: Rayon xalqinin` sani 48,8 min`nin assada olarg`a transport xizmetin ko`rsetetug`in 8 avtobus, 9 ju`k avtomobilleri, 1285 telefon tochkalari ha`m tag`i basqa ko`rsetkishler rayon xalqinin` ha`r min` adam basina bo`lgenimizde Respublika boyinsha en` to`men ko`rsetkishlerge iye ekenligin aytiwimiz kerek.

Rayonda transport ha`m baylanis tarawlarin duris jolg`a qoysaq xaliq xojalig`i ju`klerin tasiwda joqari ko`rsetkishlerge erisip jergilikli xaliqtin` turmis abadanlig`in asiriwg`a ken` mu`mkinshilikler jaratqan bolamiz.

## Juwmaqlaw

Xaliqtin` sotsialliq-ekonomikaliq rawajlaniwin ta`miynlewde olardin` jasap atirg`an territoriyalliq o`zgesheliklerin esapqa alip, zamanago`y infrastruktura tarmaqlarin jaratiw menen xaliqtin` turmis abadanlig`in asiriw, kushli sotsialliq siyasatti qa`liplestiriw bu`gingi ku`nnin` en` aktual` ma`selelerinen esaplanadi.

Qarao`zek rayoninin` ta`biyiy ekonomikaliq sharayatlari berilgen rayon aymag`inda sotsialliq tarawlardin` rawajlaniwina ken` mu`mkinshilikler bar ekenligin da`lilleydi.

Qarao`zek rayoni xalqi 50,9 min` adamdi qurap rayon aymag`i boyinsha xaliqtin` sotsialliq-ekonomikaliq rawajlaniwin ta`miynleytug`in 1000 xa`rekettegi xojaliq ju`ritiwshi sub`ektleri bolip sonnin` ishinde xaliqqa xizmet ko`rsetetug`in transport xam baylanis xizmetin ko`rsetetug`in 10, qurilis tarawinda 4, sawda xa`m awxatlaniw xizmetin ko`rsetetug`in 60, kommunal xizmetin ko`rsetetug`in 4, turmis xizmetin ko`rsetetug`in 6, den sawliqti saqlaw xizmetin ko`rsetetug`in 17, bilimlendiriw xizmetin ko`rsetetug`in 46, ilim xa`m ma`deniy xizmetin ko`rsetetug`in 1 muzika metebi, basqariw xizmetin ko`rsetetug`in 23 karxana xa`m mekemeler xizmet ko`rsetpekte.

Bu`gingi ku`nde Qarao`zek rayoni xalqina xizmetin ko`rsetetug`in karxana xa`m sho`lkemlerdin` sani xa`m olardag`i xizmettegi adamlar saninin` xaliqtin` xizmetin toliq qanaatlandiradi dep ayta almaymiz.

Xaliqtin` xa`r min` adamg`a hizmet ko`rsetetug`in u`y jay qurlisi xizmeti, kommunal xizmeti, xaliqqa turmis jag`inan xizmeti, ma`deniy xa`m ko`rkem o`ner xizmeti normativ ko`rsetkishlerden a`dewir to`men da`rejede ekenligin aniqladim.

Sonin` ushin rayon xalqina xizmet ko`rsetetug`in zamanago`y infrastrukturalardi rawajlandiriw ushin olardin` materialliq texnikaliq bazalarin jaratiw, olardag`i o`ndiris tarmaqlarin rawajlandiriw sapali xizmet ko`rsetetug`in qa`nigeliklerdi jetistiriw menen rayon xalqinin` sotsialliq jag`daylarin joqarilatiwg`a mu`mkinshilik tuwadi.

Rayon aymag`inda xaliqqa turmisliq xizmet ko`rsetetug`in tarawlardin` o`nimdarlig`in artiriwda ma`mleketlik emes jeke karxana sho`lkemlerdin` sanin

ko`beytiw, olardi qarji menen ta`miynlew, awilliq jerlerde zamanago`y xizmet tu`rlerin qa`liplestiriw, awilliq jerlerde awil xojaliq o`nimlerin qayta isleytug`in kishi karxanalardi, jeke menshik karxanalarin quriw za`ru`r.

Qarao`zek rayoni xalqina xizmet ko`rsetetug`in tarmaqlardi rawajlandiriw ma`seleleri boyinsha to`mendegi jumislar orinlandi:

- Qarao`zek rayoni xalqina xizmet ko`rsetiw tarmaqlarin rawajlandiriwda ta`biyg`iy sharayati xa`m ta`biyiy resurslarinin` sotsialliq infrastrukturasinin` qa`liplesiwindegi roli u`yrenildi.

-Rayonda sotsial ekonomikaliq tarawlardin` xa`zirgi rawajlaniw da`rejesi, olardin` quramliq du`zilisin zaman talabina say qayta quriw awilliq jerlerde xaliqqa xizmet ko`rsetiw tarmaqlarin rawajlandiriwdin` tiykarg`i faktorlari u`yrenildi.

-Rayonnin` xalqina xizmet ko`rsetetug`in tarmaqlarin rawajlandiriw ma`selelerine baylanisli ayrim pikir xa`m usinislar to`mendegishe belgilendi.

U`yrenilgen waziypalardan kelip shig`ip rayon aymag`inda xaliqti turaq jaylar menen ta`miynlewde kommunal qurilis karxanalarinin` sanin ko`beytiwdi, xaliqqa turmis xizmetin ko`rsetetug`in orinlardi awilliq jerlerge alip bariw, xaliqqa sawda xizmetin ko`rsetiwde u`y jay buyimlari, xojaliq buyimlari, aziq awxat sawda orinlarin quriw za`ru`r.

Awil xalqinin` jumis penen ba`ntligin ta`miynlewde awil xojalig`inda jetistiriletug`in o`nimlerin keptiriw, konservalaw, duzlaw, qadaqlaw jumislarin isleytug`in jan`a texnologiyalar menen qurallang`an kishi karxanalardi awilliq jerlerge alip keliwdi sho`lkemlestiriw.

Rayon xalqina xizmet ko`rsetiwdi rawajlandiriwda xaliqtin` ku`ndelikli turmis xizmetlerin, u`ylerdi remontlaw, u`y buyimlarin remontlaw, shashta`rezxana, monsha, kir juwiw, kiyimlerdi ximiyaliq jol menen tazalaw xizmeti, avtomobillerge servis xizmeti, ma`deniy qaldiq shig`ariw orinlari, axborot resurslarinan paydalaniw xizmeti, ko`rkem o`ner xizmetlerin isleytug`in karxanalardin` sanin ko`beytiw za`ru`r.

Rayon aymag`inda 1-6 jas aralig`indag`i jas o`spirimlerdin` sani 5800 balani qurap uliwma xaliqtin` 11,8 % in qurasada, 9 bala baqshada 815 balalar ta`rbiyalanbaqta. Demek rayonda bala baxsha jasindag`i balalardin` 86 % i u`ylerinde ta`rbiyalanbaqta.

Bul ma`selede rayon xalqi tig`iz jaylasqan aymaqlarinda tipovoy bala baqshalardi quriw menen Qarabug`a, Qarao`zek,Alg`abas, Qoybaq awil puxaralari jiyinlarinda bala ta`rbiyasina baylanisli u`yde otirg`an xayal qizlardi xizmet ko`rsetetug`in karxanalarg`a jumisqa tartiwg`a imkan jaraladi.

Juwmaqlap aytqanimizda rayon xalqina xizmet ko`rsetetug`in sotsialliq infrastruktura tarmaqlarin qa`liplestiriw xa`m rawajlandiriw menen bul jerde jasap atirg`an xaliqlardin` mu`ta`jliliklerin qanaatlandiriw arqali olardin` sotsialliq xa`m ekonomikaliq abadanlig`in asiriwg`a tiykar du`ziledi.

## Paydalanilg`an a`debiyatlar


1. Karimov I.A. «Yuksak ma`naviyat- engilmas kuch» Toshkent-2008 y.

2. Karimov I.A. «O’zbekistonning siyosiy- ijtimoiy va iqtisodiy istiqbollarinin`g asosiy tamoyillari» Toshkent-2009y

3. Karimov.I.A. «O’zbekiston iqtisodiy islohatlarini chuqurlashtirish yulida» Toshkent-1995y

4. Abramov.M.A «География сервиса» Москва. Мисл-1985 г

5. Алексеев А.И.Ковалев С.А., Максимов.В.А., «География сфери обсдуживания» Калинин,.1988 г

6. Soliev A. « Iqtisodiy va ijtimoiy geografiyaning dolzarb masalalari» Toshkent 1995y

7. Nazarov.B.P., Волфсон И.Г., «Развитие сфери обслуживания условиях региона Узбекистан» Тошкент-1977 г

8. Olloerov.N.K.,Juraev T.T., «Ijtimoiy infrastruktura: uning mohiyati, rivojlanishi va istiqbollari» Toshkent-1992 y

9. Меркушева Л.А «География сфери обслужшвания населения , теория и методология» Красноярск -1989г

10. Matmuratov.J «Агроклимтческие условия Северо-Западного Узбекистана» Нукус -1998 г

11. Umarov E.K «Экономико-географические проблеми сефери обслуживания насления» Нукус 1998 г

12. Axmedov K., Fayzullaeva A., Yunusova.R.T. « Qishloq aholisining talab va ehtiyojlarini wrganish» Toshkent-1989 y

13. Ubaydullaeva R.,Ata-Mirzaev.O,Umarova N., «O’zbekiston demografik jarayonlari va aholi bandligi» Toshkent 2006 y

14. O.Atamurzaev., B. Гентшке, R. Murtazaev, A.Saliev «Историко-демографические очерки урбанизаций Узбекистана» Тошкент 2002 г

15. Qarao`zek rayoni xakimiyati statistika basqarmasi mag`lumatlari 2010-2012, 2013,2015 jillar.